

**NOUVO  
LAVI A  
NAN KRIS**



**Volim 1**

---

**Etap pou mete baz nan lavi kreyen an**

Men premye edisyon an kreyòl NOUVO LAVI A NAN KRIS.

Manyèl orijinal la, se Legliz Evanjelik Sant-amerikèn ak CAM Entènasyonal nan peyi Kosta Rika ki te konsewa l, li te ekri nan lang espanyòl sou tit: NUEVA EN CRISTO.

Manyèl sa a ki gen 13 lesou ladan l, la pou l mete yon baz solid nan lavi nou kòm kretyen.

An plis lide espesyal ki degaje anndan liv sa, chak lesou nan manyèl sa genyen y'on seri egzèsis pratik ki fè l vin plis itil pou lavi w. Apenndis ou jwenn nan fen liv la genyen fèy pou ou koupe pou w ka kole nan bib ou. Se pou w itilize yo.

Li konseye pou reponn a tout kesyon nan chak lesou pandan w'ap bat pou'w pa kopye egzatemman menm pawòl ki ekri nan Bib la. Se pou reponn ak pwòp mo pa w (sa ka ede w konprann pi byen sa w'ap etidye a).

Fin fè volim 1 yan epi kontinye ak volim 2 ya.

Pou plis enfòmasyon : Email: [info@nuevavidaencristo.org](mailto:info@nuevavidaencristo.org)  
[www.nuevavidaencristo.org](http://www.nuevavidaencristo.org) [www.NewLifeDiscipleship.org](http://www.NewLifeDiscipleship.org)

Ou kapab fè kopi nan liv sa a depi ou pafè chanjman ni ajoute anyen nan sa ki ekri andann l ak nan fòm li.

Ou kapab kopye sou òdinatè w yon kopi nan liv sa nan paj wèb apre a : [www.nuevaencristo.org](http://www.nuevaencristo.org) Dokiman an sou fòm PDF li mande pou genyen Acrobat Reader pou ka li l. Acrobat la se gratis ou kapab kopye l sou òdinatè w lè w fè :  
<http://www.adobe.fr/products/acrobat/>

Droits d'auteur 1993 © Mark Robinson  
Premye edisyon an kreyòl an 2014.  
Tradwi an kreyòl an 2014 pa Richemond Casséus.


Dwa otè liv sa se Jezikri nan syèl la ki geyen l.  
Kopi kapab fè ladann l, ak kondisyon ou site sous orijinal li  
epi pa chanje anyen ni nan sa ki ekri andann l ni nan fòm li.

Pwodwi pa Camino Global,  
An kolaborasyon ak Asosyasyon Evanjelik Sant-Amerikèn Kosta rika  
(Asociación Evangélica Centroamericana de Costa Rica)  
8625 La Prada Dr. Dallas, TX 75228, USA

# SOMÈ

Gid pou Fòmàtè .....	4
Entwodiksyon .....	5
1er etap      Sove .....	6
2èm etap      Asirans Sali a .....	8
3èm etap      Tantasyon ak viktwa .....	10
4èm etap      Kris, Senyè nou tou .....	12
5èm etap      Kòman viv nan Lespri Bondye .....	14
6èm etap      Bondye pale avè m .....	16
7èm etap      Mwen pale avèk Bondye .....	18
8èm etap      Rankont mwen avèk Bondye chak jou .....	20
9èm etap      Legliz mwen .....	23
10èm etap      Temwanyaj .....	25
11èm etap      Batèm ak repa Senyè a .....	27
12èm etap      Lafanmi .....	29
13èm etap      Swiv Jezi.....	31
Apenndis .....	33

## GID POU FÒMATÈ



1. Nou felisite w dèske w aksepte defi pou fè yon nouvo kwayan vin disip lè w sèvi ak manyèl «Nouvèl Vi a nan Kris » kòm gid ou. Rezilta etid sa yo ap bay donn ki pap janm fini.
2. Toujou kite se bib la ki se otorite w lè w'ap reponn kesyon yo. Se disip la limenm ki fèt pou chache pasaj yo nan bib la epi eseye reponn kesyon yo ki chita sou Bib la.  
  
Gen kèk nouvo kwayan kap bezwen yon ti esplikasyon tou kout sou kòman pou yo jwenn referans yo nan Bib la.
3. Manyèl sa a kapab itilize plizyè fason diferan. Nan anpil ka, w'ap gen pou etidye yon leson chak semèn, ankouraje disip la fè tout devwa yo pou chak leson.
4. Bat pou seyans yo pa trò long.
5. Ankouraje disip la reponn kesyon yo ak pwòp mo pa l. Bat pou disip la pa kopye egzatemen menm pawòl ki ekri nan Bib la. Sa ap ede l reflechi pi byen sou vrè sans pawòl l'ap etidye yo.
6. Bat se pa preche pou w'ap preche. Poze l kesyon pito pou wè s'il konprann, epi ankouraje l pou l patisipe avèk plis devouman.
7. Byen prepare w pou chak seyans ou pral fè. Kòm fòmètè, ou dwe fèt pou abitye ak tout sa ki gen anndan liv la, ak tout lide kle ki nan chak leson. Preparasyon w'ap fè a dwe gen ladann lapryè pou disip la epi lapryè pou pwòp kè pa w pou ka byen dispoze pou leson an.

8. Fè disip la panse sou angajman pratik yo pou lavi l. Ede l pou l konprann bagay pratik ak espesyal pou l aplike yo.

Ekzèsis ki ankadre a kote chak leson yo, chwazi pou sa menm. Se pou fè yo !

9. Ede disip la devlope lakay li abitid pou l aparyè. Aprann li lapryè ou menm pandan n'ap fè l ansanm.
10. Li enpòtan pou n konprann ke fè disip se yon travay ki vo plis anpil pase etidye 13 leson ki nan « Nouvèl Vi a nan Kris. » Fè disip pote ladann yon chanjman lavi pou disip la.

Manyèl sa se sèlman yon èd pou kòmanse. Disip la ap bezwen èd san rete pou l chache chanje karaktè l, fason l panse, abitid li yo, elatrye.

11. Li enpòtan nan dènyè limit pou disip la gen abitid tankou : li Bib la chak jou, lapryè epi aprann vèsè pa kè nan bib la. Nan kòmansman chak leson, se pou w pran tan pou fè revizyon vèsè l te gentan aprann pa kè yo, mande l kòman afè li Bib li chak jou a ye. Ou pa bezwen blame l si l pat gentan fin fè kèk devwa, men li nesèsè pou ankouraje l pou l fè yo.
12. Se pou sansib ak tout sa Bondye fè nan lavi disip la. Pran tan a kote chak seyans pou reponn a nenpòt kesyon ki ta ka genyen, ou byen ede l pou l fè fas kare a pwoblèm li ta rankontre nan lavi pèsònèl li.


Konnen gen defwa ou pap gen tan fin touche tout kesyon ki nan leson an, paske tan an ka trò piti. Nan ka sa a, se pou diskite kesyon ki pi enpòtan yo.

## Byenvini nan fanmi Bondye a!

Konpliman! Si ou te resewva Kris la kòm Sovè pèsonèl ou, ou vin fèt yon dezyèm fwa nan fanmi Bondye a. Peche ou yo padone, epi kounyeya ou se yon moun nouvo ki gen lavi etènèl, paske:



*« si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun , bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay tou nèt ki pran plas yo kounye a » 2 Korentyen 5:17*



Bondye fenk kòmanse transfòme lavi ou. Viv chak jou pa lafwa, konfye w nan Bondye, pandan li ap fè chanjman nan lavi ou. Pran pasyans epi rete tann ak lespwa. Yon gwo lavni ap tann ou!


Anvan tout bagay , sonje ke ou te sove pa gras Bondye se pa pwòp travay ou yo. Kòm moun ki kwè ou mèt kontinye viv pa gras li a. Pozisyon ou devan Bondye chita, epi ap toujou chita sou sa Kris la te fè pou ou sou lakwa a, pa sou sa ou fè pou Bondye. Lavi kreyen an se yon lavi ki depann sou Bondye. Mete konfyans ou nan li pou delivrans ou, epi tou, pou w kapab viv lavi ou chak jou ak pwisans. Olye pou w ta dekouraje, si ou ta tonbe nan peche ,vire je ou gade Jezi sou lakwa a. Sa li te fè a se sèl lespwa pou restorasyon w ak laviktwa w. Konsa, toujou depann de li pou l ka kontinye padone peche ou yo. Lè ou rekonèt devan Bondye ou peche, epi ou repanti. Li fidèl pou li netwaye ou epi fè ou retounen nan yon bon relasyon ak li ankò .

## Egzèsis pou ede w grandi !

Kòm yon moun ki fenk kwè, wap kòmanse yon relasyon ansanm ak Kris la ki pral grandi toutotan ou ap swiv li. Aprann suiv li a rele disip. Gen kèk egzèsis ki pral ede w vin fò kòm yon nouvo kreyen. Plis w'ap mete yo an pratike, plis w'ap vin pi djanm .



- Kris la vle poto mitan nan lavi ou. Desann ou devan l toutan, kite l' kontwole tout pati nan lavi ou.
- Priye pandan tout jounen an, chak jou. Lapriye se sèlman pale ak Bondye.
- Li Bib la chak jou. Anvan ou kòmanse di Bondye : "Men mwen, Senyè, Mwen pare pou m tandè vwa ou sou sa ki ekri nan pawòl ou yo."
- Chèche yon legliz ki prèche pawòl ki ekri nan Bib la. Lòt moun ki kwè yo se nouvo fanmi ou.
- Kite dèyè do w vye monn peche sa kote ou te ye a. Mande Bondye ede w pou kanpe fèm devan tantasyon ak ede w fè nouvo zanmi.
- Lè ou fè peche, konfese peche a bay Bondye e resewva padon li ofri ou a. Ou pa bezwen kontinye santi ou kondane oswa wont, paske li padone ou e li remete w kanpe nan total zanmitay ak li, menm si ou santi ou pa merite sa.
- Pale lòt moun yo de Kris la. Montre yo konpasyon w pou yo paske yo tankou yon bann mouton san gadò.
- Lè ou fini volim sa a, kontinye ak lòt volim yo ki nan nouvo lavi nan Kris la. Si ou pa konnen kote pou jwenn yo, ou ka pran yo gratis nan sit entènèt sa a: [www.newlifediscipleship.com](http://www.newlifediscipleship.com)



## 1<sup>er</sup> etap Sove

Reponn pa VRE (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Pou yon moun sove, li sèlman nesèsè pou l kwè ke Bondye ekziste.
- \_\_\_ Peche mete separasyon ant Bondye ak Lòm.
- \_\_\_ mwen sove depi m'ale gliz epi mwen fè bon zèv.

### LAVI LONTAN AN

1. Dapre Efezyen 2.1, Kijan kondisyon nou te ye anvan Kris te ban nou lavi ki p'ap janm fini an ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Li Women 3.23. Èske l vle di ke tout moun peche ? Wi  Non   
Nan sans sa a, kijan kondisyon nou te ye anvan kris te sove nou ?  
\_\_\_\_\_
3. Bib la di ke nou te kondane. Poukisa ? Jan 3.18  
\_\_\_\_\_

### TRAVAY BONDYE

4. Nan Efezyen 2.4-5, kòman yo prezante Bondye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Dapre pasaj sa, kisa Bondye fè pou nou ?  
\_\_\_\_\_
6. Gade nan Women 5.8, kòmam Bondye montre jan li renmen nou ?  
\_\_\_\_\_
7. Li nan Efezyen 2.8-9. Bondye di nou paka fè anyen pou nou sove(v.9). Ki kalite bon zèv lèzòm ka fè pou yo sove ?  
\_\_\_\_\_
8. Nous sove \_\_\_\_\_ pa mwayen \_\_\_\_\_ v. 8  
Gras se yon « kado nou pat merite ». Nan yon lòt sans, nou ka di Bondye sove nou gratis, san nou pat merite l.
9. Nan kilès nou dwe mete konfyans nou pou n ka pitit Bondye ? Galat 3.26 \_\_\_\_\_

### MOMAN POU DESIDE

Siw te déjà aksepte Kris kòm sovè w, ekri dat la anba a (si w sonje)

Si w poko aksepte l, èske w ta renmen fè l kounye a ?

Wi  Non

### MEN KÒMAN POU

#### AKSEPTE KRIS

1. Rekonèt ke w se yon pechè. Piga w kache sa ankò
2. Deside pou kite peche. Repanti
3. Kwè ke Kris te mouri pou peche w yo epi l te resisite.
4. Mande Jezikri pou l padone peche w yo, pou l vin abite nan kè w epi pran kontwòl lavi w.

*Pryè anba ka sèvi w kòm modèl kòman pou aksepte Kris :*

*Seyè Jezi mwen rekonèt ke m se y'on pechè, m bezwen jwenn padon w. mwen kwè ou te mouri pou peche m yo epi w te leve soti vivan nan lanmò. Mwen vle kite tout peche m yo pou m mennen yon lavi apa pou ou. Kounye a menm, vin abite nan kè m, m pran w pou Sovè m. Map swiv ou kòm Seyè mwen. Mèsi paske w sove mwen. Amèn.*

Si ou aksepte Jezi Jodia, ekri dat la.

## MEDITASYON


Reflechi ak moun lakay ou epi ak vwazen yo. Kòman w wè peche w yo afekte yo ?

Fè yon tireflechi a lavni w. si wè w'ap kontinye mennen menm vye vi sal depi lontan an, ou mèt konnen w'ap fè fas kare a jijman Bondye. Li Revelasyon 20.11-15 epi reflechi sou sa, di Bondye mèsè pou gwo lanmou l.

## AFÈMISMAN

Li enpòtan pou bay tèt ou abitud ki ka ede w grandi nan lòt lavi w'ap mennen an.

Menm jan lè y'on moun fè espò li fè kò li rete djanm, gen de disiplin espiyèl ou bay tèt ou, li ede w grandi nan Kris la.



Disiplin sa yo : se etidye bib la aprann vèsè, lapryè.

Nan lide pou leson sa a kapab konplè, **chak jou li enpòtan pou nou li yon pasaj nan bib la epi prye Bondye.**

**Semen sa, li levanjil Jan soti nan chapit 1 rive nan chapit 7, yon chapit chak jou.**

Se pou prye Seyè a anvan ou li bib la, pou l ka prepare kè w pou resewva sa l pral di w nan pawòl li.

Aprè ou fin li chak chapit, ou mèt prye ankò, pale ak Bondye sou sa ou sot li a.

Avèk pouvwa bondye, mwen angaje m pou m li nan bib mwen yon chapit chak jou.

Dat la se : \_\_\_\_\_

## Aprann pa kè Efezyen 2.8-9

« *Se paske li renmen nou kif è li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou paf è anyen pou sa. Konsa, pèsonn paka vante tèt yo.* »

Nan apenndis # 1 w'ap jwenn yon seri kazye ki pou ede w aprann pa kè vèsè ki nan lesou yo.

10. Di a pwòp mo paw kisa sa vle di gen konfyans nan Kris la ?  
\_\_\_\_\_

## NOUVO LAVI A

11. Pouki rezon kris te vini ? Jan 10.10  
\_\_\_\_\_

12. Kisa Bondye ofri a moun ki aksepte kris ? Jan 1.12  
\_\_\_\_\_

13. Dapre Jan 5.24, kisa k rive lè yon moun aksepte Kris ?  
\_\_\_\_\_

14. Dapre Efezyen 2.10, poukisa Bondye te kreye nou ?  
\_\_\_\_\_

**Gade ! nou pa sove paske nou fè y'on travay pou sa men nou sove pou nou fè bon travay.**

15. Li nan 2 Korent 5.17. viv nan Kris vle di aksepte l kòm Sovè. Si yon moun ap viv nan Kris la, ki lès li vin ye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

16. Esplike nan pwòp mo pa w sa pawòl sa vle di, « bagay lontan yo disparèt » \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_


## ANN REZIME

Nan pwòp mo pa w, fè yon tirezime sou sa nou sot etidye a.

Kòman lavi w te ye san Kris ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kisa Kris fè pou ou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kòman w ta dwe montre nan lavi w'ap mennen chak jou a, lòt lavi Bondye ba ou a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



## 2<sup>èm</sup> etap

# Asirans Sali a

Reponn pa vre (V) ou fo (F)

\_\_\_ Kounye a mwen mèt sèten ke mwen sove

\_\_\_ Bondye dakò pou m fè peche pou l ka montre m li renmenm plis

\_\_\_ Si mwen peche e'm mouri san m pa konfese l, m toujou sove.

### BONDYE BAN 'M ASIRANS

1. Li Women 8.38-39. Depi nou aksepte Kris, èske geny'on bagay ki ka fèn pèdi renmen Bondye gen pou nou an ? \_\_\_\_\_

*Li Jan 10.27-29 epi reponn kesyon 2-7 apre yo.*

2. Kisa nou wè Jezi ofri nou ? (v. 28) \_\_\_\_\_

3. Ki lès ki bay lavi ki pap jan m fini an ? \_\_\_\_\_

4. Èske yon bagay ki la pou toutan kapab disparèt ? \_\_\_\_\_

*Vèb « bay » li nan tan ki make aksyon an ap fèt kounye a. Sa montre nou gen lavi ki pap janm fini an déjà. Se pa lè nou mouri lavi ki pap janm fini an kòmanse, men se depi lè nou aksepte Kris kòm Sovè pèsònèl nou.*

5. Ki lè n'ap peri ? (v. 28) \_\_\_\_\_  
Lè n ale nan verite ki di lavi pou tou tan an pap janm fini.

6. Èske gen yon moun oubyen g'on bagay ki ka rache nou nan men Kris ?  
(v. 28) \_\_\_\_\_

7. Èske gen yon moun oubyen g'on bagay ki ka rache nou nan men Bondye Papa a ? \_\_\_\_\_

*Kounye a n'ap li nan Efezyen 1.13-14 epi n'ap reponn kesyon 8 a 9.*

8. Kisa Bondye mete sou nou ? (v. 13)  
\_\_\_\_\_

9. Ki lè nou te resevwa mak letanp sentespri a ? (v. 13)  
\_\_\_\_\_

Bondye ban nou Sentespri a kòm yon garanti (avalwa) pou montre ke nou se pou li jiskaske Kris retounen.

**Li « Ki sa m ye nan Kris » nan Apenndis 2 nou jwenn nan fen liv la.**

Kòman w santi w lè w fin li verite sa yo ? Èske yo ba ou asirans ?

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### REMÈSIMAN

Dapre Jan 8. 38-39. Nou nan pla men Jezikri epi an menm tan nou nan pla men Papa Bondye.

Reflechi pou wè kòman lavi w byen kache nan pla men sa yo. Ou pa bezwen etone si yo di w pandan de fwa, pèsonn pa ka rache w nan plas sa.



### MEDITASYON


Peche se fè, se di, se panse tout bagay ki pa dakò ak volonte bondye. Malgre Bondye renmen mwen, li rayi peche m.

Reflechi epi ekri sou liy an ba yo 2 rezon ou kwè ki fè yon kretyen dwe kouri pou peche :

1. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
2. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



Où irai-je  
quand je mourrai?



### SEMÈN SA

Semèn sa, prye Bondye pou yon manm na fanmi w ki poko aksepté Kris. Entèsede pou li pou l ka sove. Ekri non li anba a :

Èske w gen difikilte pou jwenn pasaj yo nan bib ou a ? Men yon kosèy. Kenbe nan tèt ou youn apre lòt non 10 premye liv nouvo testaman yo :

Matye  
Mak  
Lik  
Jan  
Travay apot  
Women  
1 Korènt  
2 korènt  
Galat  
Efezyen  
Filipyen  
Kolosyen



### AFÈMISMAN

Li jan, chapit 8 a 14 semèn sa (yon chapit chak jou)

### Aprann pa kè jan 10.27-28

« Mouton m yo koute vwa m, mwenm konnen yo epi yo swiv. Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap janm peri, pèsonn p'ap janm ka rache yo nan men mwen »

10. Li nan 1 Jan 5. 11-12. Èske nou gen lavi ki pap janm fini an ? \_\_\_\_\_

Kòmman nou ka fè konnen tout bon vre si nou genyen lavi ki pap janm fini an ou byen non ? \_\_\_\_\_

### ATANSYON !

11. Nou wè nan Women 8. 38-39 kòmman Bondye ap gade nou avèk renmen. Poukisa kounye a m sove, m pa dwe ap jwe avèk peche ?

Women 6. 1-2 \_\_\_\_\_

Li **Ebre 12. 5-10** epi reponn kesyon 12 a 13

12. Depi m se pitit Bondye, li ka pini mwen. Poukisa li fè sa ? (v. 6)

\_\_\_\_\_

13. Poukisa Bondye pini mwen ? (v. 10) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

### BONDYE KITE N FÈ CHWA NOU

Sa pat nan entansyon Bondye pou nou te peche. Men kòm moun, nou ekspoze a tantasyon. Sa vle di nou toujou ap goumen ak peche nan lavi nou.

### Kisa k rive lè nou peche ?

Nou pa pèdi pou sa, men nou pèdi kominyon nou te genyen avèk Bondye. Li se yon Papa ki renmen pitit li, lè nou anba tantasyon li bay mwayen pou soti anba l, epi tou li bay mwayen pou l rale nou vin jwenn li si nou peche. Na etidye sa plis an detay nan leson twazyèm etap la.

### APWOFONDISMAN

Li 1 Korènt 3.11-15. Chak kretyen gen pou jije. Jijman sa, se pa pou konnen si l sove, men se pou gade ki kalite travay li te fè.

Si travay li fè Bondye plezi, Kretyen sa ap jwenn yon rekonpans. Si travay li pa fè Bondye plezi, kretyen an ap pèdi rekonpans espesyal li yo. (Rekonpans yo se pa menm ak sove ke kretyen an te déjà genyen v.15).

Èske w ta renmen resevwa rekonpans oubyen sove sèlman san rekonpans tankou yon moun ki sove nan dife ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



## 3<sup>em</sup> etap Tantasyon ak Viktwa

Reponn pa vre (V) ou fo (F)

- \_\_\_ Depi nou tante, nou paka pa peche paske nou fèb nan lachè.
- \_\_\_ Si nou fè y'on peche epi nou konfese l avèk Bondye l'ap padone nou.
- \_\_\_ Nou genyen y'on seri lènmi espirityèl k'ap tante nou.

### NOU ANGAJE NAN YON GOUMEN

Bib la di se pa Bondye k'ap tante nou (Jak 1.13.) Ki lès nou ka di ki se lènmi espirityèl nou dapre pasaj nou wè anba yo ?

1. Jak 4.4 \_\_\_\_\_
2. Galat 5.17 \_\_\_\_\_
3. 1 Pyè 5.8 \_\_\_\_\_

Kòman nou dwe rete fèm devan chak lènmi sa yo ?

4. Lemonn (Women 12.2) \_\_\_\_\_
5. Lachè (Galat 5.16) \_\_\_\_\_
6. Dyab la (Jak 4.7) \_\_\_\_\_

### NOU KAPAB POTE LAVIKTWA

7. Ki lès ki gen plis pouvwa pase Satan ? (1 Jan 4.4) \_\_\_\_\_
8. Ki lès k'ap viv nan kwayan yo ? (1Korent 3.16) \_\_\_\_\_
9. Ki lès ki ban nou laviktwa ? (1 Korent 15.57) \_\_\_\_\_

Pou nou menm kwayan, Bondye k'ap viv nan nou an, ap ban nou tout mwayen posib pou'n genyen goumen sa. Kounye a, pou'n pa tonbe anba tantasyon, se ki sa'n dwe fè dapre pasaj nou wè anba yo ?

10. Sòm 119.11 \_\_\_\_\_
11. Matye 26.41 \_\_\_\_\_
12. Pwovèb 4. 14-15 \_\_\_\_\_
13. 2 Timote 2.22 \_\_\_\_\_

### APWOFONDISMAN

Nou tout jwenn tantasyon sou wout nou, men sa pa yon rezon ki pou fè nou tonbe nan peche pou sa. Nan 1 Korent 10. 13 gen twa verite ki ban nou ankourajman.

1. Se nòmal kòm moun pou nou jwenn tantasyon sou wout nou. Men se posib pou nou domine sou yo.
2. Bondye plase bòn pou tantasyon yo ; nou kapab kenbe tèt ak yo.
3. Nan chak tantasyon, Bondye toujou gentan prepare yon wout pou nou ka sòti.



Reflechi sou verite sa yo epi AKSEPTE YO!

### DEKLARASYON

Kreyen an kapab gen viktwa sou tantasyon yo. Eske w sonje yon ka tantasyon ou te fèk jwenn ? Kòman w te domine sou li gras ak èd Bondye ?

---

---

---

## ANN POTE KOREKSYON

Ak moun mwen dwe konfese peche mwen se Bondye (Sòm 32.5); men gen pou kèk ka sa pa ase. Mwen bezwen fè plis toujou.

Si peche mwen y'an te deranje yon lòt moun, mwen dwe chache wè moun sa tou pou mwen mande l padon. (Jak 5.16 ; Matye 5. 23-24)

Lapot Jan di : Kòman mwen kapab fè dwat avèk Bondye, y'on moun mwen pa wè, si mwen pa dwat avèk pwochen m , y'on moun mwen pa ka wè ? (1Jan 5.20)

## SEMÈN SA

Semèn sa, w'ap prye Bondye pou yon zanmi, yon moun kap travay menm kote avè w, yon kondisip klas oubyen yon vwazen ki bezwen konnen Jezikri.

Semèn sa m'ap prye pou :


---

Aprann pa kè non 10 liv nan nouvo testaman ki ekri anba yo epi repase sa k te nan leson anvan an :

1 ak 2 Tesalonik  
1 ak 2 Timote  
Tit  
Filemon  
Ebre  
Jak  
1 ak 2 Piè  
1 ak 2 ak 3 Jan  
Jid  
Revelasyon

## AFÈMISMAN

Li chapit 15 a 21 nan liv Jan an semèn sa (yon chapit chak jou)



*Aprann pa kè 1 Jan 1.9*

*« Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sa k gen pou fèt la : l'ap padonnen tout peche nou yo, l'a netwaye nou anba tou sa ki mal. »*

## NOU KAPAB JWENN PADON

14. Dapre 1 Jan 1.8, ki moun, menm si se yon kretyen, ki ka di li pa gen peche ? \_\_\_\_\_

Lè nou fè yon peche, relasyon nou koupe avèk Bondye. Malgre Bondye renmen nou, Li pa kontan, Li pap tande prye nou si nou pa dakò konfese peche nou.

15. Ki sa nou dwe fè pou nou ka jwenn padon ? (1Jan 1.9)

---



### KÒMAN POU M KONFESE PECHE MWEN ?

Konfese se pa sèlman di, mwen peche. Vre konfesyon an mande plizyè bagay :

- Se pou mwen sensè
- Se pou mwen chanje (santi mwen vrèman nan lapenn epi pran desizyon pou pa janm rekòmanse)
- Se pou mwen dirèk (di Bondye ekzatemman sa mwen te fè)
- Se pou mwen prèt pou m rekonèt fot mwen. Depi mwen rekonèt mwen fè yon peche, mwen fèt pou mwen konfese l. Si mwen pa fè sa, mwen mete tèt mwen nan sitiasyon pou m tonbe ankò nan peche.
- Se pou mwen desann mwen lè m'ap mande padon ak tout moun mwen te blese.
- Aksepte padon an. Mwen pa dwe kontinye ap kritike tèt mwen pou peche mwen déjà konfese. Si Bondye padone m, mwen dwe aksepte padon Li, kwè epi di L mèsi ; epi voye jete tout akizasyon Satan ki vle fè m kwè mwen paka jwenn padone.

16. Dapre 1 Jan 1.9, ki sa k rive lè nou konfese peche nou ?

- a. \_\_\_\_\_  
b. \_\_\_\_\_

## ANN REZIME

Ki lès ki lènmi espiyèl nou ? \_\_\_\_\_

---

Ki mwayen posib nou genyen pou nou konbat yo ? \_\_\_\_\_

---

---

Si nou peche, ki sa nou dwe fè pou nou jwenn padon ? \_\_\_\_\_

---



## 4<sup>em</sup> etap Kris, Seyè nou tout

Reponn pa VRE(V) ou FO(F)

- \_\_\_ Mwen gen dwa pou m kontwole pwòp la vi mwen.
- \_\_\_ Si mwen lese Kris kontwole lavi mwen, l'ap retire tout amizman mwen yo.
- \_\_\_ Mwen konn kòman pou m dirije pwòp lavi mwen, okenn moun pa gen dwa di m men sa m dwe fè.

### KILÈS KI CHÈF ?

Yonn nan tit yo konn itilize pi souvan lè y'ap pale sou Kris se «SENYÈ». Malgre jounen jodi a lemonn ap viv nan rebelyon kont Bondye, yon jou, yo tout gen pou mete jenou atè devan Kris epi yo tout va deklare Jezikri se Seyè a. (Filipyen 2.10-11).

1. Sa sa vle di: «Jezì se Senyè lavi mwen» ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Poukisa Kris gen dwa pou l dirije lavi mwen ?  
Kolosyen 1:16 \_\_\_\_\_  
2 Korent 5:15 \_\_\_\_\_  
Kilès ki mèt lavi mwen kounye a ? \_\_\_\_\_

### REPONS MWEN

3. Si Kris se chèf mwen, kòman mwen dwe reponn Li dapre 2 Korent 5.15 ?  
\_\_\_\_\_
4. Li Galat 2.20. Vèsè sa rezime youn nan kalite esansyèl ki genyen nan lavi kretyen an. Esplike pawòl apre a: «se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen.» \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Mwen «mouri klouwe sou lakwa avèk Kris» vle di lavi lontan m yo mouri ou byen yo rete dèyè mwen. Kounye a mwen genyen yon lòt lavi tou nèf nan Kris, avèk pouvwa pou m domine sou peche.
5. Kòman mwen dwe viv lòt lavi tou nèf sa nan Kris ? Li dezyèm pati nan Galat 2.20. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### DOMINE SOU LAPERÈZ

Èske lide pou lage tout lavi w nan men Kris fè w pè ?



### ESKE BONDYE VLE VREMAN PI BON BAGAY POU LAVI M ?

Men kèk rezon ki fè anpil moun pè lage yo nan men Kris. Tyeke sa ou wè ki konsènsè w yo.

- Mwen pè pou Jezì pa t'a reyèlman konprann pwo-blèm mwen yo.
- Mwen pè pou Kris pa t'a mande mwen fè kèk bagay mwen paka reyalize.
- Mwen pè pou Kris pa t'a kite m marye ak moun k'ap rann mwen ere a.
- Mwen pè pou Bondye pa t'a retire zanmi m yo ak amizman mwen yo nan men m.
- Mwen pè pou m pa t'a ka reyalize sa li vle mwen fè a.

Kounye a li 1 Pyè 5.6-7. Lè yo fè referans ak pasaj sa, èske w panse gen kèk rezon pou ou pè ? Wi  Non

## EGZAMINE

Gen anpil bagay ki pa move bagay nan yo menm, men ki kapab pran plas kote se Kris sèlman ki ta dwe okipe yo nan lavi nou.

Tyeke nan lis la bagay ki se yon antrav nan travay Kris ap fè nan lavi w.

- |  |                                   |
|--|-----------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Aktivite lajan  | <input type="checkbox"/> Zanmi    |
| <input type="checkbox"/> Koutim          | <input type="checkbox"/> travay   |
| <input type="checkbox"/> Amizman         | <input type="checkbox"/> Gwo lide |
| <input type="checkbox"/> karaktè w       | <input type="checkbox"/> Fanmi    |
| <input type="checkbox"/> lòt bagay _____ |                                   |

## MEDITASYON


Ki domèn ekzat ou ta bezwen lage bay Kris kontwòle ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



## AFÈMISMAN

Li chapit 1 a 7 liv Travay Apot yo (yon chapit chak jou)

### Aprann pa kè Galat 2.20

«Se sa k fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen; lavi m'ap mennen nan kò m kounyeya, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m sitèlman li te rive bay lavi l pou mwen.»

6. Ki pi bon mwayen m'ka konnen si Kris se Seyè lavi mwen selon Lik 6.46 ?

7. Poukisa li nesèsè pou m lage kontwòl lavi mwen nan men Kris ?

- Mwen paka sèvi de mèt. Mwen dwe deside si pou m sèvi Bondye ou sèvi lemond. Mwen paka fè de mèt plezi an menm tan. (Lik16.13.)
- San Kris la kòm gid lavi mwen. Mwen se yon esklav peche. (Women 6.16)
- Yon jou mwen gen pou mwen parèt devan tribinal Kris la pou mwen rann kont. (2 Korent 5.10)

### KI LES KI PI BYEN PLASE POU DIRIJE LAVI MWEN ?

	Jezi	Mwen
Ki lès ki toujou renmen pi bon bagay pou lavi mwen ?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Ki lès ki konnen pi bon bagay pou lavi mwen ?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Ki lès ki kapab fè sa ki pi bon pou lavi mwen ?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

### KISA MWEN DWE LAGE BAY KRIS ?

8. Kèk domèn nan lavi m mwen dwe lage bay Kris se:

Women 12:1 \_\_\_\_\_

Women 12:2 \_\_\_\_\_

Efezyen 5:15-16 \_\_\_\_\_

2 Korent 9:6-7 \_\_\_\_\_

### YON OFRANN CHAK JOU AK KRIS

Women 12.1 ankouraje nou pou nou ofri kò nou ak Kris. Pryè nou wè apre a ka sèvi nou kòm modèl pou ofrann chak jou sa a.

« Seyè, mwen lage mwen nan men ou.  
Pran lespri mwen ak sa mwen panse.  
Pran je mwen yo ak sa mwen wè.  
Pran zòrèy mwen yo ak sa mwen tande.  
Pran lèy mwen yo ak sa mwen di.  
Pran kè mwen ak sa mwen santi ak konpòtman mwen yo.  
Pran men mwen yo ak sa mwen fè.  
Pran pye mwen yo ak kote mwen prale.  
Pran kò mwen, se kay kote ou abite.  
Ranpli mwen ak Lespri Sen ou.  
Mwen vle obeyi ou  
Mwen vle fè volonte w. «Mwen vle obeyi w.  
Mwen vle fè volonte w.»





# 5<sup>èm</sup> etap Kòman viv nan Lespri Bondye

Reponn pa VRE (V) ou FO (F)

\_\_\_ Sentespri se yon "fòs" Bondye.

\_\_\_ Sentespri montre nou jan nou nan erè sou kesyon peche.

\_\_\_ Sentespri abite nan tout pitit Bondye.

## TRAVAY FONDAMANTAL SENTESPRI A

Lè Jezi te monte nan syèl kot Papa I, li te voye Sentespri (Lespri verite a) pou pale de li menm (Jan 15.26).

1. Dapre Jan 16.8-9, ki travay Sentespri a fè nan moun ki pa konvèti yo ?

\_\_\_\_\_

2. Sentespri a mennen moun ki aksepte Kris la pou I fèt yon dezyèm fwa (Jan 3.3-8). Sa sa vle di pou ou fèt yon "dezyèm fwa" ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

An plis, Sentespri gen plizyè fason li aji nan moun ki aksepte Kris, jan nou pral gade pi ba a la.

3. Dapre 1 Korent 12.12-13 nou tout nou te resevwa \_\_\_\_\_ pou n te ka fè yon sèl kò pa pouvwa Sentespri a.

Batèm Sentespri a diferan ak batèm nou resevwa nan dlo a. Batèm Sentespri a se lè Sentespri Bondye a fè nou manb kò Kris la. Kò sa a se legliz la ki genyen ladann tout vrè kwayan ki nan lemond antye.

4. Dapre Efezyen 1.13, nou te \_\_\_\_\_ Sentespri ki te pwomèt la. "Make ak letanp" Sentespri vle di ke li vin tounen yon pitit Bondye achte; li se zafè Bondye depi menm moman kote li kwè a (v.14)

5. Dapre 1 Korent 3.16, kretyen an se tanp Bondye li ye, se Lespri Bondye a \_\_\_\_\_ li. Sa vle di tout bon vre Lespri Bondye abite tou tan nan chak kretyen.

## REZIME TRAVAY FONDAMENTAL SENTESPRI A :

- Li montre nou jan nou nan erè sou zafè peche.
- Li fè nou fèt yon dezyèm fwa.
- Li batize nou nan kò Kris la.
- Li mete so li pou toujou.
- Li rete nan nou.



## APWOFONDISMAN

Dapre 1 Korent 6.11, ki sa Sentespri a ye ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Ou mèl li tou Travay apot 5.3-4

## MEDITASYON

Efezyen 1.14 di ke Sentespri li menm se "garanti" ou byen "avalwa" pou montre ke nou sove.

Kòman nou konprann verite sa a ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## REPONS MWEN

Lè m fin konnen kò mwen se tanp Lespri Bondye, kòman mwen dwe kenbe kò mwen ?

Li 1 korent 6.19-20.

\_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## SEMÈN SA

Pataje temwajaj ou ak yon moun (kòman w te fè arive konnen Kris)

Pouki sa se pa ak moun w'ap prye pou li a ?



## AFÈMISMAN

Li Travay Apot, chapit 8 a 14 (yon chapit chak jou)

### Etidye pa kè 1 Korent 12.13

*“Se sa k fè, nou menm, kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit nou pa esklav, nou tout nou te resevwa batèm pou n te ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a. Nou tout nou te bwè nan yon sèl Lespri a.”*

## LÒT TRAVAY SENTESPRI A

6. Kisa Kris te pwomèt sou zafè konesans esprityèl, selon Jan 14.16 ?

\_\_\_\_\_

Ki bèl kontantman lè n konnen ke Lespri Kris ap anseye nou li menm!

7. Sentespri konnen tout ti detay ki nan nou. Ki lòt bagay ankò nou ka di li fè pou kwayan an, dapre Women 8.26-27 ?

\_\_\_\_\_

8. Women 8.14 di ke Sentespri ap dirije kreyen an. Pou kapab dirije pa Sentespri, kreyen an dwe:

Efezyen 5:18 \_\_\_\_\_

Galat 5:16 \_\_\_\_\_

Ranpli ak Lespri Bondye ou byen mache nan Lespri Bondye, vle di ke kreyen an kontwole epi dirije pa Lespri Bondye. Yo montre nou sa nan fwi Lespri ki site nan Galat 5.22-23.

### KÒMAN MWEN KAPAB RANPLI AK SENTESPRI ?

- Depi mwen reyalize ke mwen fè yon peche, mwen konfese l ak Bondye. Mwen pa kite peche sa devlope nan mwen (1 Jan 1.9). An plis, li nesèsè pou m aksepte pa lafwa padon Bondye ofri m.
- Mwen parèt devan Bondye. Mwen pèmèt li kontwole lavi m. Mwen koube anba volonte l. (Women 6.13) (Gade nan lapryè nou te jwenn nan fen lesan anvan an)
- Pa lafwa mwen ranpli ak Sentespri epi mwen kwè lavi mwen anba kontwòl li. Se pou tèt sa mwen dwe kòmanse aji epi viv selon lafwa sa a.

MEN MWEN SENYE



### REZIME TRAVAY LESPRI BONDYE A NAN KWAYAN AN.

- Li anseye kwayan an
- Li entèsede pou kwayan an
- Li dirije kwayan an
- Li ranpli kwayan an
- Li glorifye kris (Jan 16.13-14)



## 6<sup>em</sup> etap Bondye pale avè m

Reponn pa VRE (V) oubyen FO (F)

- \_\_\_ Prèske tout sa ki nan Bib la sòti nan Bondye.
- \_\_\_ Chak moun ki mande Bondye edel, ap kapab konprann Bib la.
- \_\_\_ Pou jwenn pi gran avantaj ki nan Bib la, li enpòtan pou medite sou li.

### KISA BIB LA YE ?

1. kisa 2 timote 3.16 la di, sou kote Bib la soti ?

\_\_\_\_\_

Mo "enspire" nou jwenn nan kèk tradiksyon, vle di literalman "soufle" pa Bondye. Kisa sa aprann ou sou pawòl Bondye a ?

\_\_\_\_\_

Vèsè sa di \_\_\_\_\_ sa ki ekri nan liv la, se nan lespri Bondye yo sòti.

Si se konsa pawòl la ye, èske I ka gen erè ? \_\_\_\_\_

2. kisa ki diferansye Bib la ak lòt liv yo selon Ebre 4.12 ?

\_\_\_\_\_

3. Esplike kòman Bib la kapab sèvi kòm yon nepe nan lavi w dapre Ebre 4.12

\_\_\_\_\_

### OBJEKTIF BIB LA

4. Bib lan nourri nou espirityèlman. Ak kisa Bib la konpare nan 1 Pyè 2.2 ?

\_\_\_\_\_

Kisa ki va rive ak yon kretyen ki neglije li pawòl Bondye a ?

\_\_\_\_\_

5. Bib la ap gide w chak jou nan lavi w. Ak kisa Bib la konpare nan sòm 119.105 ? \_\_\_\_\_

Ki sèvis yon lanp ? \_\_\_\_\_

*N ap viv nan yon tan ki chaje ak konfizyon. Genyen anpil "pwofesè", anpil legliz ak anpil zanmi ki vle pote konsèy yo pou nou. Kòman nap fè konnen moun ki gen verite a nan li ? Se pou tèt sa Bondye ban nou Bib la, pou klere lespri nou epi ede nou teste konsèy lòt moun ap ban nou.*

6. Bib la ap ede w pou pa tonbe nan peche (sòm 119.11). Kisa sa vle di "Mwen sere pawòl ou yo nan kè mwen ?" \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

### SEMÈN SA

Kòman lekti bibliik ou dwe fè aprè chak lesou yo ap vanse ?  
Eske w li yon chapit pa jou ?

Wi  Non

Lè w ap li Bib la èske w remake pwisans Bondye a touche kèw ou byen chanje lavi w ?

Wi  Non

Pataje ak yon lòt moun sa w ap aprann nan lèkti w yo.

Si jouk kounye a w poko nan li bib ou de tanzantan, pou kisa w pa kòmanse jodi a ?

Avèk èd Bondye mwen pran angajman m pou m li Bib mwen (konsèy : yon chapit pa jou)

Dat: \_\_\_\_\_

Memorize nan lòd premye 14 liv ansyen testaman yo:

Jenèz  
Egzòd  
Levitik  
Nonb  
Detewonòm  
Jozye  
Jij  
Rit  
1 ak 2 Samyèl  
1 ak 2 Wa  
1 ak 2 Kwonik





## MEDITASYON BIB LA

Jozye 1.8 mande ou, se pou pawòl Bondye a toujou nan bouch ou epi kalkile yo jou ak nwit, sa vle di toutan. Yo konseye w mwayen sa yo, pou w kapab detanzantan ap medite sou Bib la:



Pandan chak jou w ap li Bib la, kopye yon vèsè sou yon timoso fèy papye oubyen nan yon kaye.


Mete l nan valiz ou, oubyen nan bous ou, metel yon kote w ka wè (tankou bò yon miwa oubyen bò yon frijidè) pou w kapab reflechi sou li pandan tout jounen an.

Lè w ap reflechi sou vèsè w la, poze tèt ou kesyon:

- Kisa Bondye vle montre m ?
- Kòman m ka met pasaj sa a an pratik nan lavi m ?

## MEDITASYON

Èske pawòl Bondye a se li menm ki dènye otorite sou lavi w ? Li Travay apot 17.10-11  
Ki bon abitud moun ki te kwè nan Bondye lavil Bere yo te genyen ke moun kapab imite?



## AFÈMISMAN

Li Travay apot 15-21 (yon chapit pa jou).

### Aprann pa kè 2 Timote 3.16-17

*“Tout sa ki ekri nan liv la, se nan lespri Bondye a yo sòti. Y ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun k nan erè, pou korije moun k ap fè fot, pou moutre yokijan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa, yon moun k ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tout sa li bezwen pou l fè tout sa ki byen ”*

7. Bib la ede w grandi nan lavi kretyèn nan. Daprè 2 Timote 3.16-17 pawòl Bondye a ap sèvi pou:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Moun ki kite Bib la dirije li ap kapab “ gen tout sa li bezwen pou l fè tout sa ki byen.” Pran prekosyon w ak bann moun k ap di Bib la manke, k ap ankouraje w kwè nan rèv ak lòt revelasyon ki anplis ke sa ki ekri nan Bib la. Bib la konplè!

8. Èske kèk fwa sa konn difisil pou w gen lafwa ? Li women 10.17:

Kòman ou kapab vin gen lafwa ? \_\_\_\_\_

Kòman ou kapab ogmante lafwa ou ? \_\_\_\_\_

## SA BIB LA GEN ANDANL

Bibl la se yon ansanm ki gen 66 liv ki divize an de pati:

### ANSYEN TESTAMAN

(39 liv)

Lalwa (soti nan Jenèz rive nan Detewonòm)  
Listwa Izrayèl (soti nan Jozye rive nan Estè)  
Pwezi (soti nan Jòb rive nan Kantik)  
Pwofesi (soti nan Ezayi rive nan Malachi)

### NOUVO TESTAMAN

(27 liv)

Lavi Kris la (4 liv levanjil yo)  
Grandisman legliz la (Travay apot yo)  
Ansèyman (Epit yo)  
Pwofesi (revelasyon)

## KOMAN OU KA JWENN TOUT BON JAN AVANTAJ KI NAN BIB LA ?

**Tande pawòl la:** Se manm yon legliz kote y'ap bay bon jan ansèyman sou pawòl Bondye a. (Revelasyon 1.3)

**Etidye pawòl la:** Eske w li Bib ou chak jou ? Ekri nan yon kaye sa w aprann nan lekti w ap fè chak jou yo (li Apendis 4 la). Li t ap pi bon si w koumanse ak liv Jan, Travay apot, 1 Jan epi Women.

**Meditasyon pawòl la:** Gade nan tablo sou kote a “MEDITASYON PAWOL LA.”

Remak: Anpil relijyon ak gwoup pratike divès fòm meditasyon. Yo eseye libere panse yo, pede repete yon mo oubyen yon fraz plizyè fwa jouk yo rive transpòte yo an espri nan yon vwayaj pou yo ka jwenn yon direksyon espirityèl. Sa se pa meditasyon ki chita sou Bib la, men pratik sa yo sòti nan divinasyon, sòsèlri ak idolatri ke Bondye rayi (Det. 18.9-13.). Meditasyon ki chita sou Bib la, se sonde pawòl Bondye, tandè Bondye kap pale avèk ou pa mwayen pawòl li, epi pale avèk li tou an fonksyon de sa li genyen pou di ou.

**Memorize pawòl la:** Yo montre ou vèsè pou ou memorize a nan chak leson yo, li enpòtan anpil pou ou fè sa, paske depi w fin kenbe vèsè a nan tèt ou, l ap tou rete nan lespri w pou lè wa va bezwen itilize l.

**Obeyi ak pawòl la:** Ekri avèk pwòp mo pa w lide prensipal liv Jak la. Jak 1.22

Kisa Esdras te fè ak ekriti yo ? Esdras 7.10; Ekri twa repons, anba a :

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_



## 7<sup>èm</sup> etap

# Mwen pale ak Bondye

Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)

- \_\_\_ Pou lapriyè, li enpòtan pou rantre nan yon legliz epi mete w ajenou.
- \_\_\_ Mwen kapab priye ak konfyans, paske Bondye tandè m epi li pwomèt mwen l'ap reponn.
- \_\_\_ Li sifi pou priye sèlman avan w manje epi anvan w al dòmi.

### KISA LAPRIYÈ YE ?

Priye, se pale ak Bondye. Se tou senp ak natirèl, se menm jan lè w'ap pale ak yon zanmi. Ou kapab pale ak Bondye sou tout bagay avèk bon jan konfyans : sou perèz ou yo, bezwen w yo elatratyè. Lapriyè a se pale pèsònèlman avèk li menm.

1. ki gwo pwomès Bondye fè nan Jeremi 33.3 ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Lapriyè se yon mwayen nou kapab pale, san nou pa sere anyen nan kè nou ak yon zanmi ki pran plèzi li pou koute nou ak enterè.

Kòman Bondye pwomèt li ap repon'n priyè ou ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Eske Bondye pafwa kon'n twò okipe pou tandè rèl ou yo ? Wi  Non

2. Lapriyè se youn'n nan mwayen pa li men'm nou pwoteje tèt nou. Ki konsèy Jezi te bay disip li yo, pou yo pa tonbe anba pyèj satan an ?

Matye 26.41 \_\_\_\_\_

3. ki kèk danje nou dwe evite lè n'ap priye ?

Matye 6:5 \_\_\_\_\_

Matye 6:7 \_\_\_\_\_

Ki jan ou ka entèprete ekspresyon saa "vèn pawòl ?" (pawòl w'ap di ou pa bezwen) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

### KÒMAN NOU DWE PRIYE ?

4. Liv sòm yo ban nou anpil rezon pou'n fè lwanj pou Bondye. Pa egzanp, ki rezon Sòm 106.1 ba ou pou fè lwanj pou Bondye ?

\_\_\_\_\_

5. Kisa nou ta dwe fè, olye pou nou t'ap bay tèt nou pwoblèm toujou selon Filipyen 4.6 ? \_\_\_\_\_


### MEDITASYON

Nan ki atitud nou dwe apwoche bò kot Bondye, dapre Ebre 4.16 ?

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Selon ou menm, pouki rezon ou kapab genyen nan Bondye, nivo konfyans sa ?

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



### AFÈMISMAN

**Li Travay apot 22-28**  
(yon chapit pa jou).

### Aprann pa kè Filipyen 4.6-7

*"Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tout sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di li mèsi tou lè n'ap lapriyè. Konsa Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l, bagay lèzòm pa ka konprann. La kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezi."*

## SEMÈNN SA

1 Timote 2.1 aprann nou "Priyè yo, siplikasyon, rekèt yo, aksyon de gras yo" dwe fèt pou tout moun.

Eske ou genyen yon lis demand priyè ki pou fè'w sonje pou ki yès ou ta dwe priye ?

Fè yon lis priye nan yon fèy papye oubyen nan yon kaye-nòt.

Lis ou a t'a ka genyen kategori nou wè anba yo, tankou :

- ✓ Manm fanmi ou yo.
- ✓ Zanmi ou yo.
- ✓ Frè ak sè nan lafwa w yo.
- ✓ Sèvitè Bondye yo. (Pastè'w la, elatrye)
- ✓ Moun ki ap dirije peyi ou ak kominote'w.
- ✓ Moun ki fè ou sa ki mal
- ✓ Moun ou vle genyen pou kris yo
- ✓ Bi ou yo ak kwasans pèsònèl ou.



*"Nou dwe priye, lè nou santi pouse pou'n lapriyè, paske se yon peche li ye lè nou ap gaspiye yon si bon moman konsa. Nou dwe priye menm lè nou pa santi pouse pou nou priye, paske se yon pyèj sa va ye, pou'n ta rete nan yon movèz kondisyon konsa"*

Charles H. Spurgeon

## SEMÈNN SA

Memorize nan lòd rès liv ansyen testaman yo epi revize tout sa nou ta prann anvan yo.

Esdras  
Neyemi  
Estè  
Job  
Sòm  
Pwovèb  
Eklezyas  
Kantik  
Ezayi  
Jeremi  
Lamantasyon  
Ezekyèl  
Danyèl

6. Ki atitid nou dwe genyen dapre Filipyen 4.6, lèn'ap mande Bondye kichòy ? \_\_\_\_\_

Lè n'ap priye avèk "aksyon de gras", nou ap ekspriye lafwa nou genyen nan Bondye pou repons li pral ban nou pou sa nou te mande l. Se poutèt sa vèsè 7 la di nou kapab ekspirante \_\_\_\_\_ nan kè nou, pandan n'ap lage tout fado nou yo nan men sila ki kapab ede nou, nan pwoblèm nou yo

7. Kisa sa vle di "priye san sès" nan 1 Tesalonisyen 5.17 ? \_\_\_\_\_

Si nou dwe priye tout tan, èske sa vle di, nou kapab priye nenpòt kote nou ye, pa egzanp : nan travay, nan machin, elatrye ? \_\_\_\_\_

### Priyè w la dwe gen ladann:

**Adorasyon** ak fè lwanj pou Bondye pou sa li ye.

**Konfesyon pou peche w yo**, pou yo pa kraze relasyon w avèk Bondye.

**Fè demand** pou bezwen pèsònèl ou yo ak entèsede pou lòt yo.

**Di anpil mèsè** pou sa Bondye fè pou ou. Fòk ou pa engra! Montre li ou rekonesan.



8. Dapre Jan 14.13 nou dwe priye nan non \_\_\_\_\_

9. ki lòt bagay nou kapab aprann sou zafè lapriyè a nan pasaj sa yo ?

Sòm 66.18 \_\_\_\_\_

1 Jan 5.14-15 \_\_\_\_\_

Matye 21.22 \_\_\_\_\_

10. Kòman Efezyen 3.20 an ankouraje nou a gen konfyans nan Bondye ? \_\_\_\_\_

### BONDYE REPON'N PRIYÈ NOU YO

Nou te wè Bondye pwomèt l'ap reponn priyè nou yo. Men kòman ? Gen moun ki di Bondye gen twa fason li ka repon'n.

- ✓ kèkfwa li di **"wi."**
- ✓ Dèfwa, pou byen nou, li di **"non."**
- ✓ Gen kèk lòt fwa, li di **"tan'n yon moman."**



## 8<sup>em</sup> etap

# Rankont mwen avèk Bondye chak jou

Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)

- \_\_\_ Li enpòtan pou li Bib la ak priye chak jou.
- \_\_\_ Chak moun ta dwe eseye li anpil chapit nan Bib la chak jou.
- \_\_\_ Bondye vle transfòme nou jou aprè jou pa mwayen pawòl li.

### KISA KI YON MOMAN MEDITASYON ?

Yon moman meditasyon se yon randevou chak jou avèk Bondye. Sa ta dwe fèt chak jou paske fòk nou gen tan pou nou devlope relasyon nou avèk Bondye. Matirite pa vini "yon sèl kou", pito nou devlope li jou aprè jou, tipatipa.

*"Letènèl! Chak maten ou tande vwa m. Kou solèy leve, mwen mete lapriyè m devan ou. M'ap tann ou reponn mwen."* Sòm 5.3 (vèsyon Darby)

Anpil moun rele li "Tan rekèyman," paske sa se yon moman n'ap tann devan Bondye pou li pale ak nou pa mwayen pawòl li a, epi aprè nou reponn li nan lapriyè nou yo.

### ENPÒTANS LI

Pouki sa li enpòtan pou nou genyen yon moman meditasyon chak jou ?

Jozye 1.8 \_\_\_\_\_

Sòm 63.1 \_\_\_\_\_

Matye 4.4 \_\_\_\_\_

Eske nou ta ka di yon randevou chak jou avèk Bondye se yon nesosite oubyen senpleman yon bon lide (si ou gen tan) ? \_\_\_\_\_

### KILÈ AK KI KOTE NOU TA DWE PASE MOMAN MEDITASYON NOU YO ?

Jeneralman, pi bon moman an se nan maten. Sa ap pèmèt nou kòmanse jounen an avèk Bondye. De Moun tankou David ak Kris, yo te mete apa, yon moman espesyal nan maten (Sòm 5.3 epi Mak 1.35). Touklèman, sa vin angaje ou ke ou dwe leve pi bonè ke jan ou konn abitye leve, men efò sa pral yon benefis pou ou. Gen kèk moun ki renmen mete yon moman apa lè aswè (Sòm 63.6) oubyen nan yon lòt moman nan jounen an ke yo konnen y'ap ka toujou respekte "randevou yo a" avèk Bondye.

Kèlkeswa moman ou chwazi a, chache yon tikote trankil ou kapab pase moman sa a san ou pa deranje. Kèkfwa, chache yon tikote apa pou kont ou konsa, egzije ou pou w leve avan lòt moun yo, fèmen pòt chanm ou oubyen soti deyò.

Fikse lè w ak ki kote w'ap fè meditasyon kounye a:

Lè a: \_\_\_\_\_ M'ap leve a: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

### MEDITASYON

Ebre 4.12 konpare Bib la ak yon "epe ki file debò"

Kèk fwa, li Bib la rann nou mal alèz paske l'ap devwale lavi nou, pou montre nou trè klè sa nou ye ak tout sa nou dwe korije nan lavi nou.

Eske'w pa janm di Bondye mèsi pou tout karaktè esansyèl ki genyen nan pawòl li ?

### SEMÈN SA A

Aprann pa kè yonn aprè lòt liv ansyen testaman sa yo, revize sa ou te aprann anvan yo.

Oze  
Jowèl  
Amòs  
Abdyas  
Jonas  
Miche  
Nawoum  
Abakik  
Sofoni  
Aje  
Zakari  
Malachi



## PLAN POU LI BIB LA


Nou konseye w pou kòmanse li Bib la nan nouvo testaman. Li chak jou nan yon liv jouk lè ou fini'l.

Ou kapab kòmanse li liv yo ki nan Bib la nan lòd tankou:

Jan  
Travay apot  
1 Jan  
Women  
Jak  
Filipyen

Apenndis N° 5 la: bay yon tablo lèkti pou tout yon ane.

Remak: Lè ou fin li yon liv, avan ou kòmanse yon lòt, eseye li yon Sòm ak yon chapit nan liv pwovèb.



## AFÈMISMAN

**Li 1 Jan, chapit 1 a 5;  
Sòm, chapit 1 epi 5**  
(yon chapit pa jou).

### Aprann pa kè Jozye 1.8

*"Se pou pawòl ki nan liv lalwa a toujou nan bouch ou. se pou w'ap kalkile yo nan tèt ou la jounen kou lannwit, pou ou ka viv dapre sa ki ekri nan liv la. Se konsa wa mennen bak ou byen. Tout Zafè ou va byen mache."*

Apenndis N° 4 la  
genyen yon rezime  
ki bay yon metòd pou  
ou fè meditasyon.

Koupe paj la epi kole l nan Bib ou. L'ap gide w epi l'ap ede w pou pi byen pwofite de randevou chak jou w'ap genyen ak Bondye.

## KISA OU TA DWE FÈ PANDAN MOMAN MEDITASYON OU AN ?

### Prepare kè ou:

Avèk ki atitid ou ta dwe prezante ou devan Bondye selon vèsè sa yo ?

Sòm 139.23-24 \_\_\_\_\_

Sòm 119.18 \_\_\_\_\_

Sòm 5.3 \_\_\_\_\_

Ebre 4.16 \_\_\_\_\_

### Etidye pawòl Bondye a

Nan Jan 5.39, nou li ke lidè jwif yo k'on n'ap plede etidye sa ki ekri nan Liv la. Jwif Bere yo nan Travay apot 17.11 t'ap egzaminen sa ki ekri nan Liv la lè yo te resevwa l, epi moun ki ekri Sòm sa a di, li menm: "...M'ap toujou swiv lòd ou yo. ... M'ap veye pou m mache dapre prensip ou yo."(Sòm 119.94-95). Sa vle di fòk nou pa sèlman ap li, men fòk nou ap etidye sa ki ekri nan pasaj la nan lide pou nou ka dekouvri kisa'l vle di ak konprann kisa Bondye vle di ak nou.

Pou kòmanse, etidye ti pasaj ki kout yo (pa plis ke yon chapit). Kèk fwa li konn pi bon pou li yon pasaj ki kout plizyè fwa ke ou li plizyè chapit. Se nan fason sa w'ap kapab byen analize li.

### Kòman pou etidye Bib lan ?

Pasaj: \_\_\_\_\_



- Kisa ki plis fwape'w nan pasaj sa a ?
- Ki lide prensipal ki gen nan pasaj la ?
- Ki sans pasaj sa yo gen pou ou pèsònèlman ?
- Kesyon sa yo kapab ede w pou pi byen pwofite de pasaj la:

Èske gen yon lòd ke ou dwe obeyi ?

Èske gen yon egzanp pou ou swiv ?

Èske gen yon peche pou ou evite ?

Èske gen yon pwomès ou kapab pran pou ou menm ?



Chèche genyen yon kaye jodi a epi sèvi avèl pandan moman meditasyon w. Sèvi ak menm metòd ki nan tablo an lè a pou etidye Bib ou epi ekri panse ou yo nan kaye a.

## KONSÈY PRATIK

1. Pran valè tan ou konnen w'ap bezwen pou meditation w yo. Ou pa bezwen prese.
2. Mete randevou ou gen ak Bondye chak jou yo, an premye pozisyon. Bat pou pa rate randevou a. Si ou ta sote yon jou pa dekouraje, pa rate lòt jou a.
3. Eseye li yon chapit chak jou .Pafwa, li pi bon pou li mwens pou kapab byen etidye. Gen lòt fwa, ou k'a bezwen pou li pi plis.
4. Pase yon trè anba vèsè kle yo ki nan Bib ou a, pou k'a jwenn yo, lè ou bezwen yo.
5. Eseye mete vèsè kle yo nan pwòp mo pa w pou k'a pi byen konprann yo.
6. Si li difisil pou ou, pou ou konsantre'w, li ou byen priye byen fò epi se pou ou kanpe lè w'ap fè sa. Li pi bon pou pa kouche sou kabann lè ou w'ap medite, dòmi k'a pran'w. Mande Bondye fòs pou kapab rete konsantre.
7. Ou dwe gen yon kaye pou ekri rezilta ou jwenn nan etidye Bib ou, demand pryè w yo, elatrye.

## Priye

Priye, pandan w'ap fè referans ak pasay ou te etidye nan Bib la oparavan an. Reponn Bondye, pandan w'ap di l sa w santi sou pasaj sa.

- Konfese tout inikite w yo (peche)ke ou chonje.
- Adore Bondye pou sa li ye (Sòm yo kapab ede ou anrichi adorasyon ou).
- Louwe Bondye pou sa li fè.
- Di Bondye mèsì pou sa li ba ou.
- Priye pou demand ou yo ki nan lis priyè w la.

## Chante pou Senyè a

Mizik la leve lespri ou epi ede w pou kreye yon anbyans nan adorasyon. Chante kè yo ak kantik yo, detanzantan pandan tout jounen an, se pa sèlman, pandan moman maditasyon ou yo. Efezyen 5.19. Si ou ta anvi chante, soufle ou fredone kèk refren.

## Mete sa ou te aprann yo an pratik.

Jak 1.22 egzòte ou "se pou ou fè tou sa pawòl la mande ou fè, se pa pou rete ap koute ase." Li pawòl la ase, san nou pa fè sa pawòl la mande nou fè, se tankou si nou te gade figi nou nan yon glas epi nou vire do nou san nou pa netwaye salte glas la te montre nou an. Li Bib la san'w pa mete'w prè pou'w fè tout sal mande'w fè, pa gen okenn sans.

## Medite epi memorize

Kopye yon vèsè nan pasaj ou te li a sou yon bout papye oubyen nan yon kaye pou k'a reflechi sou li pandan jounen an. Eseye kenbe l nan tèt ou. Konsa, Bondye ap ede'w kenbe tèt ak peche.

## AN'N REWÈ YON SENP PLAN POU YON MOMAN MEDITASYON.

### 1. **Preparekè ou.**

Egzamine'w.  
Konfese peche'w.  
Mande Bondye pou'l ede'w konpran'n pasaj pou li a.

### 2. **Etidye Bib la.**

Kisa ki te plis frape'w ?  
Ki lide prensipal la ?  
Ki sans li genyen pou ou men'm pèsònèlman ?

### 3. **Priye Senyè a.**

- Pale ak Bondye sou pasaj ou te etidye a.
- Adore Bondye pou sa li ye.
- Di Bondye mèsì pou sa li fè.
- Sèvi ak lis demand ou yo pou mande Bondye.



### 4. **Chante pou Senyè a.**

Chante yon tikè oubyen yon kantik. Mizik la ap leve lespri'w epi ede'w fè louanj pou Bondye.

### 5. **Mete sa'w ta pran'n yo an pratik.**

Ki sa w'ap fè jodi a pou kòmanse mete an pratik sa w t'aprann yo, nan lavi w ?

### 6. **Medite epi memorize**

Nan pasay ou li a, chwazi yon vèsè pou kapab medite, epi kenbe l nan tèt ou. Ekri li nan yon kaye oubyen nan yon bout papye pou pote l sou ou pandan tout jounen an.



## 9<sup>èm</sup> etap Legliz mwen

Reponn pa VRÈ (V) oubyen Fo (F)

- \_\_\_\_\_ Legliz se sèlman yon batiman.
- \_\_\_\_\_ Legliz la se te tout gwoup moun ki kwè yo.
- \_\_\_\_\_ Mwen pa bezwen legliz, depi'm toujou li Bib la lakay mwen epi tande pwogram kreyen yo nan radyo oubyen nan televizyon.

### KI SA LEGLIZ LA YE ?

Lesenyè Jezi di nan Mat.16.18: "... Mwen pral bati legliz mwen an..." Kris itilize tan fiti (mwen pral bati) epi li pale de legliz la tankou yon bagay ki pou li (legliz mwen). Legliz sa Kris t'ap pale de li a egziste jodi a, epi l'ap kontinye grandi. Legliz la se mwayen pou Kris fè tout moun wè l jodi a.

Nan yon sans, legliz la inivèsèl, men an menm tan li prezan nan yon lokal (Matye 16.18, Travail apot 13.1).

### LEGLIZ INIVÈSÈL LA

*Legliz inivèsèl la se kò sinatirèl ke Kris se chèf la. Li genyen ladann tout moun ki fèt yon dezyèm fwa yo, kòmanse depi jou lapannkòt pou rive jouk nan anlèyman legliz la.*

1. Ak kisa legliz la konpare nan 1 Kor. 12.27 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Kiyès ki fòmè kò sa (legliz) ? Legliz la fèt ak tout moun ki kwè nan Jezi Kris, sila yo kite vin yon lòt moun pa pouvwa Sentespri Bondye a. (1 Kor. 12.13)
3. Kisa Bondye bay manm legliz la selon Women 12.4-8 ?  
\_\_\_\_\_
4. Kiyès ki chèf legliz la dapre Efezyen 4.15 ? \_\_\_\_\_
5. Dapre Efezyen 1.12, Poukisa legliz la egziste ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
6. Ki misyon legliz la genyen selon Matye 28.18-20 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### LEGLIZ LOKAL

*Legliz lokal la se yon gwoup moun, ki fèt yon dezyèm fwa, ki batize epi ki mete tèt yo ansanm pou yo bay Bondye glwa, yonn ap ankouraje lòt, epi preche levanjil.*

### SEMÈN SA

Pou kapab antre pi fon nan relasyon'w avèk frè ak sè legliz ou yo, semèn sa konmanse envite yonn nan yo lakay ou oubyen andeyò lakay ou pou manje ansanm avè l.



### MEDITASYON

Bondye bay chak kwayan yon kado espiyèl (Women 12, Efezyen 4.11 ak 1 koretyen 12 pale de kado sa yo.)

Sèvis  
Lafwa  
Ansèyman  
Bon konpran'n  
Egzòtasyon (Ankourajman)  
Liberalite (Pataj)  
Evanjelizasyon  
Pran swen (jere)  
Mizerikòd (Kè sansib)  
Dirije (administrasyon)

Èske'w konnen kado espiyèl ou yo ? Si repons la se NON, nan ka sa a ou ka dekouvri yo nan lapriyè, nan sèvi nan legliz la epi mande frè ak sè an Kris ou yo pou di ou ki kapasite yo obsève nan ou.

## MEDITASYON

Fè yon lis eskiz kèk kwayan tou-jou ap pran pou yo pa ale legliz

---

---

---

---

---

Ki vrè rezon ki fè yo pa ale legliz selon ? Ebre 10.25


---

---

---

## SEMÈN SA

Fè yon lis lidè legliz ou epi priye chak jou nan semèn nan pou yonn nan yo.



## AFÈMISMAN

### Li Women 1-4

(li chak chapit pandan de jou san sote yon jou pou k'a konprann li pi byen.)

### Aprann pa kè Ebre 10.24-25

*“Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen. Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, konnyeya pi plis pase anvan, paske nou wè jou Senyè a ap pwoche”*

7. Li Ebre 10.24-25. Èske Bib la montre ke moun ki kwè nan kris la dwe fè pati yon legliz lokal ? Wi  Non  Poukisa ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kòman nou kapab “ nou yonn pouse lòt a gen lanmou ak pou fè sa ki byen ?” \_\_\_\_\_

8. Ki lòt bagay moun kite kwè yo te konn fè ansanm nan legliz Jerizalèm nan ? Travay 2.42 \_\_\_\_\_

9. Si ou se manm nan yon legliz, ou t'a dwe ede l. Ki fason ou wè w t'a dwe ede legliz ou a ?

Galat 6.1-2 \_\_\_\_\_

Galat 6.10 \_\_\_\_\_

1 Pyè 4.10 \_\_\_\_\_

2 Korentyen 9.7 \_\_\_\_\_

*Nan 1 Timote 3 : 1-7 ak Tit 1.5-9, Bib la drese yon lis kondisyon pou yon moun kapab vin lidè legliz. Li pasaj sa yo. Menm si ou pa panse pou t'a vin yon lidè, konnen byen ke chak kretyen dwe mete nan tèt li pou l genyen kalite ki mansyone nan vèsè sa yo.*

10. Pwiske se Bondye ki mete dirijan yo nan legliz la, ki atitud ou dwe gen anvè yo menm ?

1 Tesalonisyen 5.12-13 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Ebre 13.17 \_\_\_\_\_

11. Ki yonn nan responsablite legliz la anvè manm li yo, dapre Galat 6.1-2 ?

\_\_\_\_\_

12. Ki konpòtman ou t'a dwe genyen lè w'ap korije yon frè ki kite bon chemen an ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Pwiske legliz la se yon fanmi, li gen pou responsablite li pou li okipe li de byennèt manm li yo. Gen moman disiplin nan nesèsè pou n konsève temwayaj legliz la epi rann ni san tach. Li se yon travay lanmou anvè tout manm nan legliz lan. Disiplin nan se yonn nan bagay ke Bondye itilize pou “fòse nou yonn a gen lanmou pou lòt epi nan fè sa ki byen.”



# 10<sup>èm</sup> etap

## Temwayaj



Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)

- \_\_\_ Li enpòtan pou preche lòt moun yo levanjil, paske plizyè nan yo sou wout pou y'ale nan lanfè.
- \_\_\_ Mwen kapab preche fanmi m ak zanmi m levanjil pou m jwenn bon rezilta.
- \_\_\_ Pou m kapab pataje konfyans mwen gen nan Bondye a, mwen dwe tann mwen jwenn yon fòmasyon sou temwanyaj.

Yonn nan privilèj kwayan genyen se temwanye konfyans li genyen yan nan Kris la. Temwanye oubyen preche levanjil la vle di, pataje plan Bondye pou sove moun nan bay yon lòt moun, pou li ka asepte Kris.

### BEZWEN TEMWANYE

Tankou nou te wè'l nan premye lesan an, lòm pran nan pèlen anba grif peche, "Pa gen okenn moun ki bon, pa menm yon sèl; ... Tout moun fè peche, yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a." (Women 3.10, 23)

1. Matye 7.13 pale de de pòt ki reprezante de kote diferan nan lavi a. Daprè vèsè sa a, ki kote yon seri de moun prale ? \_\_\_\_\_
2. Kisa Jan 3.18 di sou sila yo ki pat gen konfyans nan Kris la ?  
\_\_\_\_\_
3. Okontrè, moun ki kwè a se \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ (2 Koretyen 5.17).

### MISYON ESPESYAL YO TE KONFYE NOU AN

4. Antan ke moun ki vin yon lòt moun nan kris, Bondye konfyè nou yon misyon espesyal, li fè nou vin anbasadè pou li. Ki misyon espesyal Bondye konfyè nou antan ke anbasadè, daprè 2 Koretyen 5.20 ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Li Matye 5.14-16. Antan ke anbasadè, Kris rele nou \_\_\_\_\_ (v.14).
6. Sa sa vle di pou ou: "Ou se limyè pou moun sou latè ?"  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
7. Pa kont, sa sa vle di, "mete lanp la anba yon bwaso (mamit)" (enstriman yomezire) ? v. 15 \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### MEDITASYON

Èske ou jennen pou ou pale ak yon lòt moun de Kris ? Si wi, li Women 1.16. Pouki sa Pòl pat wont anonse levanjil la ?

---

---

---

### SEMÈN SA

Avèk ki moun ou santi'w dispoze pou anonse levanjil la ? Ekri non yo anba :



Manm ki nan fanmi ou:

---

---

---

Zanmi w yo epi moun ou konnen yo: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

Priye pou yo detanzantan epi pale avèk yo de Kris.

## MEMORIZASYON

Èske ou santi ou mal alèz paske ou pa konnen kisa pou di moun ou t'a vle preche levanjil ? Se nòmàl pou santi'w konsa. Pou genyen plis konfyans :


- Etidye "plan pou sove moun nan" (Sali) nan Apenndis N° 6 la.
- Aprann plan sa a pa kè, ajoute ak vèsè yo ki nan Bib la.
- Koupe paj apenndis la ki pale sou plan pou sove moun nan epi kole li nan Bib ou a.

## SEMÈN SA

Èske ou prè pou temwanyè ?

Semèn sa pataje plan ak yon moun ki nan lis ou a. Pa pran tan, Si'w poko aprann plan nan tèt ou, pataje Jan 3.6 avè l.

Si ou vle konnen kòman pou pataje temwanyaj pèsònèl ou yo avèk efikasite, nan Apenndis N° 6 la w'ap jwenn konsèy pratik ki pral ede ou pataje ak lòt moun sa Kris fè nan lavi ou.



## AFÈMISMAN

### Li Women chapit 5 a 8

(li chak chapit pandan de jou san sote yon jou pou k'a konprann li pi byen.)

## MEMORIZE

Aprann plan pou sove moun nan (sali) nan Apenndis 6 la.

8. Kòman limyè w la limen ? Si'w konprann ou se limyè pou klere moun sou latè, tcheke deklarasyon ki dekri la vi w pi byen.

- Mwen renmen pale de Kris paske li chanje mwen.
- Gen defwa mwen limen men gen defwa tou limyè mwen an troub.
- Mwen pa konn kòmanm pou m temwanyè pou Kris.
- Mwen konn yon ti jan jennen lè mwen dwe pale de Kris.
- Jouk konnyeya limyè mwen an pa tèlman klere.



9. Nan Matye 28.19 ak 20 an, nou jwenn sa yo rele Lòd Siprèm. Ki sa Kris kòmande nou fè ? \_\_\_\_\_

## KÒMAN TEMWANYE: KONSÈY PRATIK

1. Kite Kris chanje lavi ou. Sonje pawòl ou yo p'ap gen okenn valè si yo pa koresponn ak konpòtman ou. Matye 5.16
2. Itilize Bib la. Se pawòl Bondye a. Se yon zam ki gen pouvwa pou blayi limyè nan lespri pechè ki nan konfizyon. Ebre 4.12.
3. Konte sou Sentespri a pou ki ede'w temwanyè. La moutre moun lemonn yo jan yo nan lerè sou kesyon peche a, prepare yo pou yo ka koute lè w'ap prezante l plan Bondye pou sove moun (Jan 16.8). Ou pa kapab fòse pèsòn moun. Se Bondye li menm ki pral fè travay la nan kè chak moun.
4. Toujou lapriyè pou zanmi ou yo ki poko asepte Kris. Chache kèk okazyon pou pataje levanjil l'avèk yo.
5. Gade moun ki poko konvèti a avèk konpasyon, konprann ke lavi li mare anba chenn peche. Moun ki poko konvèti a pa yon lènmi pou ou; pito, li se yon viktim anba men lènmi an (Satan).
6. Temwanyè avèk yon konpòtman imilite (1 Pyè 3.15). Konprann si se pat gras Bondye, ou t'a ka nan menm kondisyon an tou.
7. Se pou gen koutwazi. Fè sa, yon fason pou moun ki pa konvèti a santi ou vrèman vle ede li. Pa kondane li.
8. Rete trè senp. Pi bon kontak ou genyen yo se fanmi ou ak zanmi ou yo. Ou pa bezwen pè preche levanjil avèk yo. Pwofite de okazyon sa yo
9. Chache jwenn bon tiliv epi kòmanse distribye yo konnyeya. Mande pastè ou oubyen lidè legliz ou yo ki kote ou k'a jwenn yo.
10. Se pou gen kouraj. Se vre, se pa tout moun k'ap asepte mesaj ou a, toujou chonje ou se moun k'ap pote bòn nouvèl ki bay lavi ki p'ap janm fini an (Women 1.16). An plis de sa, pi fò moun plis ouvè pou tande levanjil ke jan nou t'a panse l.



# 11<sup>em</sup> etap

## Batèm nan ak repa Senyè a

Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)

\_\_\_ Mwen dwe batize pou m ale nan syèl.

\_\_\_ Batèm nan ak repa Senyè an, fè m vin pi sen.

\_\_\_ Bagay ki konpoze repa Senyè a senbolize san ak kò Kris la.

### BATÈM NAN

1. Avan Li monte nan syèl kot Papa I, Jezi te bay disip li yo lòd pou yo ale fè disip pou li nan tout nasyon. Daprè Matye 28.19-20, lè yon moun vin disip Kris, ki premye etap li t'a dwe franchi ?

\_\_\_\_\_

***Batèm nan se pa yon bagay si w vle ak si w pa vle; se pito yon lòd ke chak kretyen dwe obeyi***

2. Batèm nan se pa yon kondisyon pou m k'a sove, men pito yon prèv ki montre mwen sove deja. Ann gade ka chèf prizon lavil Filip la ki nan Travay apot 16. Li pasaj la. Daprè vèsè 30 ak 31 an, ki sèl kondisyon ki te poze pou yon moun sove ? \_\_\_\_\_

Kòman chèf prizon an ak fanmi li te temwanye konfyans tou nèf sa yo te gen nan Bondye ? Travay 16.32-33 \_\_\_\_\_

Remake vèsè 33 la pale de tout fanmi an ki te kwè, se pat sèlman chèf prizon an pou kont li.

***Nou wè ke batèm nan se yon fason pou bay yon temwanyaj pi-blik paske nou sove.***

3. Daprè Travay 2.41, aprè yo te fin resewva pawòl la (levanjil), yo te \_\_\_\_\_. Epi anviwon twa mil (3.000) moun konsa te \_\_\_\_\_. Nan kantite moun yo genyen.

Twa mil nanm sa yo, ki te batize, yo bay non yo, yo menm nan legliz Jerizalèm. Se menm jan tou, ***nou menm nou bay non nou nan yon legliz lokal lè nou fin batize.***

**Gen kèk moun ki pa gen yon bon jan lide, sou zafè batèm nan. Ki donk, li enpòtan poun konnen ke :**

1. Batèm nan pa sove nou.
2. Batèm nan non plis pa yon etap ki menmen w nan wout sove a.
3. Batèm nan pa fè nou vin pi sen, menm si li pouse nou pou nou viv sentete.

### APWOFONDISMAN

Li women 6.1-4. Lè nou premye gade, pasaj sa sanble li pale sou batèm dlo a. Toutfwa, nan pasaj sa, mo "batèm" nan itilize pou pale nou reyèlman de idantifikasyon nou ak Kris la.

Lè nou aksepte Kris nou fè yonn avè l nan lanmò li, nan antèman li ak lè li leve soti vivan nan lanmò. Ki donk nou se yon lòt moun nan Kris.

Batèm dlo a senbolize transfòmasyon ki fèt nan moman lè nou sove a.

Koule nan dlo a senbolize nou fè yonn ak avèk Kris nan lanmò l epi nan antèman l. Sòti nan dlo a senbolize nou leve soti vivan nan lanmò avèk li pou yon lavi tou nèf.



### MOMAN POU DESIDE

Si ou deja asepte Kris, èske ou obeyi li lè ou fè yo batize w ?

Wi  Non

Si ou poko batize, pale sa avèk pastè a oubyen yonn nan lidè legliz ou jodi a menm.


## RAPÈL

Daprè Ebre 10.10-12, konbyen fwa kris te ofri kòl an sakrifis pou peche yo ?

“ \_\_\_\_\_ pou tout ”

Reflechi sou enplikasyon pasaj sa a pou sa yo ki di ke pen an ak diven an tounen literalman ko ak san Kris la.

Eske sakrifis Kris la repete semenn apre semenn ?



## AFÈMISMAN

Li Jak chapit 1-5, Sòm 19 epi Sòm 27 (yon chapit pa jou).

Aprann pa kè Matye 28.19

“Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.”

## REPA SENYÈ A

Manje Senye a (Kominyon oubyen Sentsen) te etabli pa Senye Jezikri nan lannwit jou yo te trayil la. Li se yon bagay sakre epi espesyal. Gen kek moun ki rele li sakreman, men sa kapab mete konfizyon, paske mo “ sakreman ” gen moun ki kapab konprann li ke gen yon fave oubyen benediksyon apa ke yo ba yo tankou yo make pwen avek Bondye.

4. Souple li 1 Korentyen 11. 23-26. Daprè vèsè 26 la,

Ki sa n’ap pwoklame ? \_\_\_\_\_

Pou jouk kilè ? \_\_\_\_\_

5. Sa sa vle di fè sa “pou nou ka chonje mwen ?” \_\_\_\_\_

Pasaj sa revele nou sa repa Senyè a vle di. Li fè nou **chonje** sakrifis Kris la sou lakwa pou nou, ansanm ak dezyèm retou li tou

6. Daprè vèsè 24 ak 25 lan, ki sa pen an ak gode diven an senbolize ?

Pen an \_\_\_\_\_

Gode diven an \_\_\_\_\_

7. Konnyeya li 1 Korent 11.27-31. Vèsè 28 la di, avan nou patisipe nan repa sa, se pou chak moun egzaminen tèt yo byen anvan. Ki sa aksyon sa vle pou nou ? \_\_\_\_\_

8. 1 Korent 10.16-17 la met aksan sou yon lòt aspè ke repa Senyè a genyen ki se kominyon, pataj ak viv tankou frè. Sa sa vle di antre an kominyon avèk lòt kwayan yo ?

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Gen Kèk moun ki pa gen yon bon jan lide sou zafè repa Senyè a. Kidonk, li enpòtan pou konnen ke :

1. Repa senyè a pa yon sakreman oubyen yon bagay maji.
2. Li pa fè nou vin pi sen, menm si li pouse nou pou nou viv nan sentete.
3. Diven an pa transfòme an san Kris, ni pen an an kò Kris, men pito yo senbolize san ak kò Kris la; li fè nou chonje sakrifis Kris la pou jouk lè li retounen.
4. Se yon ak obeyisans ak yo moman kominyon avèk Kris epi ansanm avèk frè ak sè nou yo nan konfyans nan Bondye.



# 12<sup>èm</sup> etap Lafanmi

Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)

- \_\_\_\_\_ Responsablite prensipal mari a, se renmen madanm li.
- \_\_\_\_\_ Respè madanm nan genyen nan kondwit li kapab mennen mari a jwenn Kris.
- \_\_\_\_\_ Menm si paran yo pa konvèti, yo dwe toujou respekte.

## LAFANMI KRETYEN

Fwaye kretyen an se yon sant ki la pou soutni, pou pwoteje ak pou yonn fè lòt grandi. Se nan fwaye a, bezwen mateyèl yo satisfè, epi timoun yo aprann kòman pou yo fè fas ak defi ki nan lavi a. Pakont, si Kris p'ap domine sou fwaye a, li pa yon kote moun k'a jwenn pwoteksyon, li vin tounen yon chan batay ak yon kote moun pa janm satisfè.

### Plan Bondye pou lafanmi nan liv Jenèz la.

*"Li pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M ap fè yon moun sanble avèl pou ede l..." Jenèz 2.18*

- ✓ Bondye kreye Èv, pou li se madanm Adan. Kidonk lide fonde yon fwaye se nan Bondye li sòti.
- ✓ Fanm nan la kòm yon bon jan èd, ki byen adapte pou mari l. Fanm nan ak mari l, yo tou de, youn konplete lòt. Li pi bon lè yo mete tèt yo ansanm ke lè yo separe.

*"Se poutèt sa, gason an va kite papa l ak manman l pou l met tèt ak madanm li, pou tou de fè yon sèl. Nonm nan ak madanm li te toutou ni. Men yo pat wont rete konsa." Jenèz 2.24-25*

- ✓ De moun yo bezwen pran endepandans yo de paran yo, pou fonde pwòp fwaye pa yo pou kont yo. Se Konsa yonn ap aprann depann de lòt.
- ✓ " Yon sèl chè " egzije pou nou viv nan inyon yonn ak lòt, tankou bonjan zanmi k'ap pataje tout ti panse ki nan fon kè yo, men pa tankou de kòk batay.
- ✓ Relasyon seksyèl nan maryaj la se pa yon bagay pou nou wont, men pito se yon kado Bondye bay de moun yo pou byen yo. Timoun yo ki pral fèt ap yon benediksyon Bondye.

## RESPONSABLITE OU YO NAN FWAYE A

1. Ki lòd Bondye bay ak mari yo, nan pasay sa yo ?

Efezyen 5.25 \_\_\_\_\_

Kolosyen 3.19 \_\_\_\_\_

1 Pyè 3.7 \_\_\_\_\_

Mari yo, èske ou kwè w'ap fè bagay sa yo ? Si non, kisa nan ou, ou t'a dwe chanje ? Ki jan de lanmou ke Kris genyen pou legliz li a ? Se modèl lanmou sa pou ou swiv nan relasyon ou ak madanm ou.

## DISKISYON

Bib la pale pou madanm nan soumèt devan mari li. Èske w kwè sa bay mari dwa pou l se yon chèf k'ap fè edefè (aji an gason k'ap kraze dwa fanm (ou matcho)) poukisa ?

## MEDITASYON

Gen anpil bagay ki kapab menase kesyon inite a nan fwaye a. Ekri anba kèk yonn nan bagay sa yo:

---



---



---

## SEMÈN SA



Yonn nan bagay ki k'a menase inite nan fanmi an se twò piti tan nou kite pou nou ansanm avèk manm fanmi nou yo. Menm si nou renmen yo, gen kèk fwa yo pa santi lanmou nou gen pou yo.

Kisa ou pral fè jodi a pou montre akèl lanmou ou gen pou mari w oubyen pou madanm ou (oubyen pou yon manm nan fanmi an) ?

---



---



---

Ki aktivite ou kapab fè semèn sa, ak timoun ou yo (manm fanmi ou yo) pou yo santi lanmou ou ?

---




---



---

## APWOFONDISMAN

Lanmou chita nan mitan nan fwaye kretyen an. Nan 1 korent 13.4-7, Pòl defini vrè lanmou an. Sou yon fèy papyè separe an de, ekri karaktè lanmou yo dapre pasay sa; oubyen soulinye nan Bib ou a, mo ki te plis frape w yo.



## AFÈMISMAN

**Li Filipyen 1-4;  
Sòm 37, 51 ak 139,**  
(yon chapit pa jou).

### Aprann pa kè Filipyen 2.3-4

*“ Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou. Piga pèsòn chache enterè pa'l ase. Se pou l chache sa ki bon pou lòt yo tou.”*

2. Ki lòd Bondye bay ak fanm yo ?

Efezyen 5.33 \_\_\_\_\_

1 Pyè 3.1-2 \_\_\_\_\_

3. Kisa Bondye mande papa yo ak manman yo nan Efezyen 6.4 ? (Sa yo pa ta gen dwa fè ?) \_\_\_\_\_

Pa egzanp, kisa paran yo fè, lè yo pa k'a satisfè bezwen timoun yo epi y'ap eksite yo fè kòlè ? \_\_\_\_\_

Kisa yo ta dwe fè ? \_\_\_\_\_

4. Dapre Detewonòm 6.6-7, ki jan ou dwe leve timoun ou yo ?

\_\_\_\_\_

Pataje ak fanmi an tout sa ou t'aprann pandan moman meditasyon w nan. Li Bib la epi priye ansanm pou bezwen chak moun nan fanmi an.

5. Ki lòd Bondye bay ak timoun yo nan Efezyen 6.1-2 ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

6. Genyen kèk règ ki ankouraje pou gen amoni nan fwaye a. Y'ap aplike sou mari a, madanm nan ak timoun yo. Ki règ sa yo ye ?

Efezyen 5.21 \_\_\_\_\_

Filipyen 2.3-4 \_\_\_\_\_

### **Si fanmi w yo pa konvèti.**

**Renmen yo.** Li enpòtan pou w pa meprize manm nan fanmi ou yo ki pa kwè. Y'ap fè peche paske yo poko konnen Kris. Ou menm tou, ou te konsa. Èske w sonje «sou pwèn sa, Bondye montre nou jan li renmen nou anpil. Paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la te mouri pou nou» (Women 5.8). Montre yo trè klè lanmou ou gen pou yo.

**Genyen nanm pou Kris pa mwayen konpòtman w. "...** Medam soumèt devan mari nou. Konsa, si gen nan mari nou yo ki pakwè nan Bondye, kondit nou kont pou fè yo kwè, sann pa janm bezwen louvri bouch nou, paske ya wè jan nou viv byen, jan nou respekte yo". 1 Pyè 3.1-2

Byen ke pawòl sa yo adrese ak fanm yo, yo kapab aplike pou tout kretyen ki gen paran yo ki poko sove. Temwanyaj w'ap bay la gen lavi pou konvèsyon fanmi'w an. Olye pou w'ap kritike yo, ak fòse yo, montre yo konfyans ou gen nan Bondye nan aksyon w yo. (Matye 5.16).


### **Si n'ap viv ansan'm san nou pa marye.**

Byen ke se yon pratik ki kouran nan sosyete nou an pou nou jwenn de moun ki pa marye k'ap viv ansanm, Bib la rele sa fònikasyon. Èske ou menm avèk patnè w la nou marye legalman ? Si non, nou dwe chache regle sityasyon sa. Mande pastè w la oubyen lidè legliz ou a konsèy sou zafè sa.

### **Si w'ap viv pou kont ou.**

Defi ki devan selibatè a se kenbe nivo moral li toujou byen wo, pou l evite antre nan relasyon seksyèl anvan maryaj. Kenbe tèt ou pou pa nan dezòd lachè pou mari oubyen pou madanm ou pral genyen an. Bondye vle sa ki pi bon pou ou.

Si ou pa ka kenbe tèt ak lachè, konfese peche w ak Bondye epi mande l pou l ede ou viv nan sentete. Chache mande kèk konsèy ak yon kretyen ki gen matirite oubyen yon pastè.



# 13<sup>em</sup> etap Swiv Jezi

Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)

- \_\_\_ Kretyen an gen anpil bagay pou'l fè pou l k'a grandi espityèlman.
- \_\_\_ Kominyon an ak kò Kris la pa enpòtan.
- \_\_\_ Li posib pou jwi yon kominyon toutan avèk Bondye.

## FELISITASYON !

Felisitasyon paske ou rive jouk nan bout etid sa ki pale sou « Nouvèl Vi nan Kris la ». Nou ankouraje ou kontinye etid la nan volim 2 a. Reponn a kesyon sa yo pandan n'ap ede ou avèk imaj ki nan paj anlè a.

Èske ou swete vin yon modèl pafè tankou kris la ? Wi  Non

Etid sa ki sou « Nouvèl vi nan Kris la » Èske li ap ede ou rive nan objektif sa ? Wi  Non

Èske fini leson sa vle di ou atenn objektif sa ? Wi  Non

Vini yon vrè disip pou Kris se pa senpleman fini yon kou disip tankou sa ki nan liv sa. Fonksyon disip kapab konpare ak yon kous long distans pito ke yon kous a tout vitès (100 mètr.) Se yon mach chak jou, jou aprè jou, yon lòt fason ou kapab viv avèk lòt règ:

## ABITID FONDAMANTAL POU MET LÒD NAN VI OU


Nan leson anvan yo, ou te fè anpil pwogrè n'an fason w'ap mache ak Kris.



Ki abitid fondamantal nan lavi kretyen an ki koresponn ak chak desen sa yo ?

Abitid sa yo totalman nesèsè pou ou, pou ka rive reyalize lide pou'w sanble ak Kris.

Li enpòtan pou mete lòd nan lavi ou, lè'w mete yon tan apa pou sa ki reyèlman enpòtan. Sa rele mete sa ki pi bon an an premye pozisyon. Abitid ke imaj sa yo reprezante a, t'a dwe lòt bagay ke ou mete an premye pozisyon nan lavi w. Èske ou pipito yo pase lòt aktivite yo ?



Jezi pale de twa bagay ki karakterize la vi kretyen an:

- Angajman avèk Kris.
- Angajman ak tout lòt moun ki kwè nan kris.
- Angajman nan travay Kris la, nan lemond .

1. Kisa kris ap tann nan men'w ?

Jan 17.3 \_\_\_\_\_ Jan 17.13 \_\_\_\_\_

2. Jan 17.11 dekri rapò Jezi vle kretyen yo genyen yonn ak lòt. "Pwoteje yo pa pouwwa non w..., pou yo ka \_\_\_\_\_, menm jan ou fè yon sèl avèk mwen."

3. Jan 17.23 "pou yo tout fè \_\_\_\_\_, epi pou moun ki nan lemonn yo ka rive konnen \_\_\_\_\_ menm jan ou renmenm lan. Lanmou ak inite ki nan mitan kretyen yo

## KONTWÒL

Èske ou kòmansè itilize plan meditasyon yo te bay nan etap 8 la ? Oui  Non

Ki moman ou te mete apa pou te ka rankontre ak Kris chak jou ?

\_\_\_\_\_

Kòmman ou pral fè pou bati yon relasyon ak lòt kretyen yo ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kòmman ou vle montre moun yo ke Kris ap viv nan ou ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## APWOFONDISMAN

Li Jan 15.16. Volonte Jezi se pou moun pa li yo ka pote anpil donn epi pou donn yo ka konsève. Genyen de kalite fwi. Ki jan defwi sa yo, dapre Galat 5.22-23 epi Matye 28.18-20 ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_

## AFÈMISMAN

Li 1 Tesalonisyen 1-5 ak 2 Tesalonisyen 1-3 (Yon chapit pa jou).

### Aprann pa kè Pwovèb 3.5-6

*“Mete tout konfyans ou nan Senyè a. Pa gade sou sa ou konnen. Toujou chonje Senyè a nan tout sa w’ap fè. Li menm, la montre ou chemen pou ou pran.”*



## MACHE PA LAFWA

4. Pòl di “Si n’ap mache, se pa paske nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans nan Kris la.” (2 Kor. 5.7) Kòmman lafwa defini nan Ebre 11.1 ? \_\_\_\_\_
5. Ebre 11.6 di “ nou konnen pèsonn pa ka fè Bondye plèzi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kote Bondye se pou yo kwè \_\_\_\_\_, yon Bondye k’ap \_\_\_\_\_ tout moun k’ap chache li.
6. Panse yon ti moman sou sans “mache pa la fwa,” epi medite sou sa ki di sou zafè lafwa nan bwat ki anba.

*Lafwa se pa yon senp espwa yo pa ka wè ak je, men pito se yon asirans ou genyen ke Bondye fidèl epi l’ap fè tout sa li te pwomèt. Gen lafwa nan Bondye mete nou nan kondisyon pou nou pa konte sou fòs nou ankò, men pou nou lage nou sou Bondye.*

*Mache pa lafwa se chak jou pou nou ap mete an pratik sa Senyè a ap aprann nou. Se poutèt sa li enpòtan pou nou kenbe epi gade kominyon pèsònèl nou avèk li.*

7. Kòmman Jezi esplike relasyon li genyen avèk moun pa l yo nan Jan 15.4-5 ?
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

Relasyon nou ak Kris se tankou yon jaden rezen; Kris se pye rezen an epi nou menm nou se branch yo.

8. Poukisa li endispansab pou nou kenbe relasyon sa a avèk Kris ? \_\_\_\_\_
  9. kisa Jezi vle di nan pawòl sa. “se pou n fè yonn ak mwen” (v. 4) ?
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
10. Dapre Jan 15:10, kòmman ou ka fè yonn nan renmen ak Kris ?
- \_\_\_\_\_

## YON KONPWOMI

11. Li pawòl Jezi yo nan Lik 9 : 23 Èske w vle swiv li ? Wi  Non
  - 12 Èske ou prè pou abandone tout egzijans pa w yo, pou swiv Kris la ak kè kontan nan lavi w chak jou ? Wi  Non
- Kontinye sou modèl ak abitud ou te aprann yo.
  - Mete sa Senyè a montre w yo an pratik chak jou.
  - Kenbe anba men w la kominyon pèsònèl ou genyen ak Bondye.



## Apenndis 1

Koupe vèsè sa yo pandan w'ap swiv liy ki fèt an tipwen tipwen yo. Kenbe yo epi anprann yo pa kè.

<p>Galat 2.20</p> <p>4em etap</p> <p>« Se sak fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen ; lavi m'ap mennen nan kòm konnyeya, m'ap viv li nan konfyans mwen genyen nan Bondye nan Pitit Bondye a ki te renmen m sitelman li te rive bay lavi l pou mwen. »</p>	<p>Jozye 1.8</p> <p>8em etap</p> <p>« Se pou pawòl ki nan liv lalwa a toujou nan bouch ou. Se pou w'ap kalkile yo nan tèt ou lajounen kou lanwit, pou ou ka viv daprè sa ki ekri nan liv la. Se konsa w'a mennen bak ou byen. Tout zafè ou va byen mache. »</p>	<p>Pwovèb 3.5-6</p> <p>13em etap</p> <p>« Mete tout konfyans ou nan Senyè a. Pa gade sou sa ou konnen. Toujou chonje Senyè a nan tout sa w'ap fè. Li menm la montre ou chemen pou pran. »</p>
<p>1 Jan 1.9</p> <p>3em etap</p> <p>« Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sa k gen pou fèt la: l'a padone tout peche nou yo, l'a netwaye nou anba tout sa ki mal. »</p>	<p>Filipyen 4.6-7</p> <p>7em etap</p> <p>« Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tout sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l mési tou lè n'ap lapriyè. Konsa Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l, bagay lòzòm paka konprann. La kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezi Kri. »</p>	<p>Filipyen 2.3-4</p> <p>12em etap</p> <p>« Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou. Piga pèsonn chache enterè pa l ase. Se pou l chache sa ki bon pou lòt yo tou. »</p>
<p>Jan 10.27-28</p> <p>2em etap</p> <p>«Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo epi yo swiv mwen. Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap janm peri, pèsonn p'ap janm ka rache yo nan men mwen. »</p>	<p>2 Timote 3.16-17</p> <p>6em etap</p> <p>«Tout sa ki ekri nan liv la, se nan Lespri Bondye a yo a sòti. Y'ap sèvi pou montre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fot, pou montre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tout sa li bezwen pou l fè tout sa ki byen . »</p>	<p>Matt. 28.19</p> <p>11em etap</p> <p>« Allez, faites de toutes les nations des disciples, les baptisant au nom du Père, du Fils et du Saint-Esprit. »</p>
<p>Efezyen 2.8-9</p> <p>1er etap</p> <p>« Se paske li renmen nou ki fè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye bannou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa pèsonn paka vante tèt yo. »</p>	<p>1 Kor. 12.13</p> <p>5em etap</p> <p>« Se sa ki fè, nou menm, kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit nou pa esklav, nou tout nou te resewva batèm poun te ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouwva yon sèl Lespri a. Nou tout te bwè nan yon sèl Lespri a. »</p>	<p>Ebre 10.24-25</p> <p>9em etap</p> <p>« Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen. Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, kounyeya pi plis pase anvan, paske nou wè jou Senyè a ap pwoche. »</p>

## Apenndis 2

Koupe liy ki fèt an tipwen tipwen yo epi kase fèy la nan mitan. Ou ka kole l nan Bib ou.

### KI SA M YE NAN KRIS ?

Mwen se yon lòt moun. (2 Kor. 5.17)  
Mwen se pitit Bondye. (Jn. 1.12; Wom. 8.14-15; Gal. 3.26; 4.6)  
Mwen delivre epi padone de peche m yo. (Kol. 1.14)  
Mwen libere nan pwen kondansasyon pou mwen. (Wom. 8.1)  
Mwen libere anba pouwva peche m yo san m pa peye anyen. (Wom. 6.1-6)  
Mwen gen dwa pou m parèt san m pa jennen devan twòn Bondye pou m jwenn gras ak sekou nan bezwenm yo.d. (Eb. 4.16)  
Mwen jwenn gras nan Kris, mwen padone komplètman. (Wom. 5.1)  
Mwen se esklav sa ki byen. (Wom. 6.18)  
Mwen ap viv apa pou Bondye. (Ef. 1.1; 1 Kor. 1.2; Fil. 1.1)  
Mwen se sèl pou moun sou latè. (Mat. 5.13)  
Mwen se limyè pou moun sou latè. moun k'ap bay verite a. (Mat. 5.14)  
Mwen se zanmi Kris. (Jn. 15.15)  
Mwen chwazi pa Kris pou m ka donner. (Jn. 15.16)  
Mwen se sèvitè oubyen mwen se esklav Bondye. (Wom. 6.22; Ef. 3.1; 4.1)  
Mwen se tanp kote Sentespri abite. (1 Kor. 3.16; 6.19)  
Mwen te koute Bondye chè, kounyeya se pou Bondye mwen ye. Mwen pa mèt tèt mwen ankò.M'ap viv pou Kris. (1 Kor. 6.19-20; 2 Kor. 5.14-15)  
Mwen se yon manm nan kò Kris la. (1 Kor. 12.27; Ef. 5.30)  
Mwen vin zanmi Bondye. Mwen gen travay pou m mennen lòzòm vin byen avè l ankò (2 Kor. 5.18-19)  
Mwen mouri kloure ansanm ak Kris la, se sak fè se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris k'ap viv nan mwen. (Gal. 2.20)  
Mwen te chwazi nan Kris la byen lontan avan Bondye te kreye lemonn pou m te kapab viv apa pou li epi pou m te san repwòch devan li. (Ef. 1.4)  
Mwen eritye Bondye, paske m se pitit li. (Gal. 4.6-7)  
Mwen fèt pa Bondye, mwen fèt yon dezyèm fwa nan Kris pou mwen ka fè anpil bon zèv. (Ef. 2.10)  
Mwen se yon moun apa epi ki jwenn gras. (Ef. 4.24)  
Mwen se sitwayen peyi ki nan syèl la. (Filip. 3.20; Ef. 2.6).  
Mwen se yon pèlerin sou latè kote m'ap pase yon titan toukout. (1 Pyè. 2.11)  
Mwen se yon pitit k'ap viv nan limyè, ki p'ap viv nan fè nwa. (1 Tes. 5.5)  
Mwen delivre anba pouwva fè nwa a, epi li fè mwen antre nan peyi kote pitit li renmen anpil la wa. (Kol. 1.13)  
Mwen se ènmi dyab la. (1 P. 5.8)  
Mwen se pitit Bondye. Dyab la pa ka fè m anyen. (1 Jn. 5.18)  
Se Kris menm k'ap viv nan mwen. (Kol. 1.27)  
Mwen fè pati pèp Bondye a, li menm ki renmen m, ki te chwazi m pou m k'a viv pou li. (Kol. 3.12; 1 Tes. 1.4)  
Mwen resewva pwomès Bondye yo ki gwo anpil epi ki gen anpil valè. (2 Pyè. 1.4)  
Mwen pral tankou Kris lè li va parèt. (1 Jn. 3.1-2)  
Se favè Bondye fè m lan ki fè mwen sa mwen ye a. (1 Kor. 15.10)

Nou jwenn yo nan : Victwa Sou Fè Nwa pa Neil T. Anderson, pp. 115-117 (Edisyon lang anglè)

### KÒMAN MWEN DWE KONFESE PECHÈ M ?

*"Si nou di nou pa gen peche, se tèt nou n'ap twonpe. Verite a pa nan nou. Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske sa k'gen pou fèt la: l'a padone tout peche nou yo, l'a netwaye nou anba tout sa ki mal..." 1 Jan 1.8-9*

Konfese se pa sèlman di : "mwen peche." Vrè konfesyon an mande plizyè bagay :

- Se pou m sensè.
- Se pou m repanti (se pou m santi m vrèman regrèt epi decide pou pa jan m komèt peche sa ankò)
- Se pou m klè (di Bondye egzaktman sa mwen te fè a)
- Se pou m rekonèt peche m rapidman. Depi mwen konnen mwen fè yon peche, mwen dwe konfese l. Sinon mwen mete tèt mwen n'on sitiyasyon pou m tonbe ankò nan plis peche.
- Se pou m desann mwen lè m'ap mande padon ak yon moun mwen te fè mal;
- Aksepte ke mwen jwenn padon. Mwen pa dwe kontinye ap bay tèt mwen pwoblèm pou peche mwen te deja konfese. Si Bondye padone m, mwen dwe aksepte padon li, kwè epi di Li mèsi
- M'ap voye jete tout akizasyon satan ki t'a vle fè m kwè ke Bondye ye pa padone m.

## Apenndis 3

Koupe liy ki fèt an tipwen pou epi kase fèy la nan mitan. Ou ka kole l nan Bib ou.

### Ven "Mwen kapab"

Gen moun ki di sikès a sòti nan "mwen kapab" epi echèk la sòti nan "mwen pa kapab". Kwè ou kapab revisi nan grandi ak gen matirite kretyèn pa mande plis efò ke kwè ke ou pa kapab revisi. Kidonk, pou kisa ou pa kwè ou kapab mache nan konfyans ou gen nan Bondye a ak Sentespri a, ou kapab reziste anba tantasyon lemond, egzijans lachè epi dyab la, ou kapab gen plis matirite antan ke kretyen. Ven "Mwen kapab" yo ki ekri anba a, ki sòti nan pawòl Bondye a, ap retire w nan labou "Mwen pa kapab" pou fè w chita ansanm ak Kris anwo nan syèl la.

1. Poukisa mwen di mwen pa kapab, pandan Pawòl la di ke m'ap kapab fè tout bagay granmesi Kris la ki ban m fòs ak kouraj (Filip. 4.13) ?
2. Poukisa m'ap chaje tèt mwen pou pwoblèm mwen yo lè m konnen Bondye ki rich anpil va ban mwen tout sa mwen bezwen nan Jezikri (Filip. 4.19) ?
3. Poukisa mwen dwe pè pandan pawòl la di, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun, okontrè Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouwva (2 Tim. 1.7) ?
4. Poukisa mwen manke lafwa pou m viv pou Kris, pandan mwen konnen Bondye ban mwen kantite lafwa pa m. (Wom. 12.3) ?
5. Poukisa mwen dwe febli, lè pawòl la di Senyè a ap pwoteje mwen epi m'ap kanpe fèm paske mwen konn Bondye (Sòm. 27.1; Dan. 11.32) ?
6. Poukisa pou m kite satan domine lavi mwen lè sa ki nan mwen an gen plis pouwva pase sa ki nan moun ki nan lemond yo. (1 Jan 4.4) ?
7. Poukisa mwen dwe asepte pèdi batay la pandan pawòl Bondye a di: Bondye ap toujou fè m genyen batay la. (2 Kor. 2.14) ?
8. Poukisa nou manke bon konprann pandan Kris se bon konprann Bondye te voye pou mwen epi Bondye ban mwen bon konprann nan san repwòch lè mwen mande li. (1 Kor. 1.30; Jac. 1.5) ?
9. Poukisa pou m dekoutraje, lè m sonje Senyè a pap janm sispann renmen nou. L'ap toujou gen pitye pou nou epi l'ap toujou kenbe pawòl li (Lam. 3.21-23) ?

10. Poukisa pou m bay tèt mwen pwoblèm epi pou m'ap toumante tèt mwen pandan mwen kapab lage tout tèt chaje mwen yo bay Kris k'ap pran swen mwen. (1 Pyè. 5.7) ?
11. Poukisa mwen toujou rete esklav pandan m konnen kote Lespri a ye gen delivrans. (Gal. 5.1) ?
12. Poukisa mwen dwe santi m kondane kan pawòl Bondye a di pa gen kon-danasyon pou mwen paske mwen fè yon sèl kò ak Jezikri. (Wom. 8.1) ?
13. Poukisa mwen dwe santi mwen poukont mwen kan Jezi di li avèk mwen toulèjou, jouk sa kaba, ni li p'ap jan m lage m (Mat. 28.20; Eb. 13.5) ?
14. Poukisa mwen dwe santi m modi oubyen di mwen pa gen chans kan pawòl Bondye a di Kris delivre m anba madichon lalwa epi mwen kapab resewva Lespri Bondye te pwomèt la nan konfyans mwen gen nan li. (Gal. 3.13-14) ?
15. Poukisa mwen dwe pa kontan, pandan mwen kapab, tankou Pòl aprann kontante tèt li ak sa li genyen. (Phil. 4.11) ?
16. Poukisa mwen dwe santi m pa vo anyen kan Kris pran sò mwen sou li, konsa lè mwen fè yon sèl kò ak Kris Bondye fè m gras. (2 Kor. 5.21) ?
17. Poukisa mwen santim fèb devan tout lòt moun yo lè m konnen si Bondye pou mwen, kilès ki ka kont mwen (Wom. 8.31) ?
18. Poukisa mwen dwe toumante kan Bondye ki mèt lapè a ap ban m bon konprann pa mwayen Lespri li an ki abite nan mwen (1 Kor. 2.12, 14.33) ?
19. Poukisa mwen dwe santi m echwe nan lavi a, lè mwen gen batay la sou tout bagay sa yo nèt gremesi Kris (Wom. 8.37) ?
20. Poukisa mwen dwe kite sityasyon lavi a ap mal mennen m kan mwen ka pran kouraj lè m konnen lemond deja pèdi devan Jezi ak tout soufrans li yo (Jan 16.33) ?

Nou jwenn yo nan : Victwa Sou Fè Nwa pa Neil T. Anderson, pp. 115-117 (Edisyon lang anglè)

## Apenndis 4

Koupe liy ki fèt an tipwen tipwen yo epi kase fèy la nan mitan. Ou ka kole l nan Bib ou.

### YON SENP PLAN POU MEDITASYON CHAK JOU OU YO

#### Prepare kè w.

- Egzamine tèt ou
- Konfese peche w
- Mande Bondye pou l ede w konprann pasaj w'ap li yo

#### Etidye Bib la.

Souple li "KÒMAN ETIDYE BIB LA ?"

#### Priye Senyè a.

- Pale ak Bondye sou pasaj ou te etidye a.
- Adore Bondye pou sa li ye.
- Di Bondye mèsi pou sa li fè.
- Fè demand ou yo a Bondye ak lis priyè ou gen nan men w la.

#### Chante pou Senyè a.

Chante yon tikè oubyen yon kantik. Mizik la ap leve lespri'w epi ede'w fè louanj pou Bondye.

#### Mete sa'w ta pran'n yo an pratik.

Ki sa w'ap fè jodi a pou kòmanse mete an pratik sa w t'aprann yo, nan lavi w ?

#### Medite epi memorize.

Nan pasaj ou li a, chwazi yon vèsè pou kapab medite, epi kenbe l nan tèt ou. Ekri li nan yon kaye oubyen nan yon bout papye pou pote l sou ou pandan tout jounen an.

#### PREPARE KÈW

- Chak maten w tande vwa m, mwenn mete lapriyè m devan w, m'ap tann ou reponn mwenn. Sòm 5.3
- Sonde m Bondye! Wè tout sa ki nan kòm! Fouye m! Wè tout sa ki nan lide m. Gade wè si m sou yon move chemen. Mennen m sou chemen ki la pou tout tan an. Sòm 139.23-24
- O bondye, pa kite okenn move lide nan kè m. Mete bon lide nan tèt mwenn, pou m sa kenbe fèm. Sòm 51.10
- Louvri je m pou m ka wè bèl bagay ki nan lalwa ou la. Sòm 119.18
- Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fòtèy kote Bondye nou an chita. Se la na jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesèsite. Eb. 4.16

### KÒMAN ETIDYE BIB LA ?

Pasaj la: \_\_\_\_\_

Kisa ki te plis touche ou nan pasaj sa a ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Ki lide prensipal pasaj sa a ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kisa sa vle di pou lavi ou ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Panse sou kesyon kle sa yo. Yo kapab ede'w pwofite plis sou pasaj la:

- Èske'l gen yon lòd ou dwe obeyi ?
- Èske'l gen yon egzanp pou swiv ?
- Èske'l gen yon peche pou evite ?
- Èske'l genyen yon pwomès pou lavi mwenn ?

## Apenndis 5

Koupe liv ki fèt an tipwen tipwen yo epi kase fèy la nan mitan. Ou ka kole l nan Bib ou.

### YON SENP PLAN POU LEKTI BIBLIK CHAK ANE AN

Depi ou fin li chapit la, mete yon "X" anlè kantite chapit ou li nan lis lan. Nan fason sa, ou pral kapab kontwole pwogrè ou fè nan lekti w'ap fè a.

Liv	Chapit								
JAN	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17 18 19 20 21								31 32 33 34 35 36 37 38 39 40 1 2 3 4 5 6 1 2 3 4 5 6 1 2 3 4
TRAVAY	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17 18 19 20 21 22 23 24 25 26 27 28								1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50
1 JAN	1 2 3 4 5								1 2 3
WOMEN	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16								FILEMON 1 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17
JAK	1 2 3 4 5								18 19 20 21 22 23 24 25 26 27 28 29 30
FLIPYEN	1 2 3 4								31 32 33 34 35 36 37 38 39 40 41 42 43
1 TES.	1 2 3 4 5								44 45 46 48 49 50
2 TES.	1 2 3								51 52 53 54 55 56 57 58 59 60
SÒM	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10								1 2 3 4 5
EFEZYEN	1 2 3 4 5 6								2 PYÈ 1 2 3
KOLOSYEN	1 2 3 4								REVELASYON 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16
SÒM	11 12 13 14 15 16 17 18 19 20								17 18 19 20 21 22
MATYE	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17 18 19 20 21 22 23 24 25 26 27 28								61 62 63 64 65 66 67 68 69 70
SÒM	21 22 23 24 25 26 27 28 29 30								1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16
1 KORENT.	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16								17 18 19 20 21 22 23 24
2 KORENT.	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13								1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13

## Apenndis 6

Koupe liy ki fèt an tipwen yo epi kase fèy la nan mitan. Ou ka kole l nan Bib ou.

### KÒMAN W PREPARE TEMWANYAJ PÈSONÈL OU?

Èske ou pa janm poze tèt kesyon kòman ou ta kapab pataje konfyans ou genyen nan Bondye a avèk yon zanmi? Petèt yonn nan pi bon fason se pataje istwa pèsonèl, oubyen temwanyaj ou. Gid sa pral ede w aranje lespri w, nan fason pou w prepare yon senp temwanyaj, sepandan ki efikas. Ekri l sou yon papye pou w kapab mete li an pratik. Ou kapab ekri kèk bagay ki pa twò long (3 minit) epi yon lòt ki yon tijan pi long ke w kapab sèvi selon ka ki prezante a.

#### Gid pou prepare temwanyaj pèsonèl ou

1. **“Avan mwèn te resewva Kris...”** Kòman ou t’ap viv ak kòman w te panse avan w te resewva Kris ? Fè yon rezime, pandan w’ap kòmanse bay aspè pozitif yo ak negatif yo lè w t’ap viv san Kris. Fè l pou l ka enteresan pandan w’ap mansyone kèk bagay espesifik tankou rèv ou yo, sansasyon w yo, atitid ou yo, karaktè w, abitud ou yo, elatriye. Ou fèt pou w onèt. Bat pou w pa debòde kad la.
2. **“Kòman m te resewva Kris...”** Sèvi ak kesyon sa yo pou kapab ekri l : kòman w te asepte Kris? Kòman w te fè rankontre avèk Jezi? Kiyès ki te ede w vin jwenn Kris? Ki kote sa te fèt? Kisa w te mande? Kòman ou santi w aprè sa?
3. **“Aprè mwèn te fin resewva Kris...”**  
Kisa k pase depi w fin asepte Kris ? Bay plizyè chanjman espesyal ke w remake.

#### Konsèy:

- Fè l nan yon fason ki senp. Itilize ti mo senp yo, pa itilize pawòl nou jwenn nan “relijyon”. Itilize mo ki kouran yo. Evite detay ki pa itil yo (men antre yon seri detay ki ka ran temwayaj la enteresan)
- Kenbe sa w’ap di yo san w pa bezwen respekte yon règ, kòm si se pale w t’ap pale. Pa bat pou w’ap preche. Itilize pawòl ki plezan ki ka kreye yon anbyans ak diminye tansyon.
- Fè l vin enteresan. Itilize kèk ilistrasyon ki ka enterese moun, epi bay kèk egzamp ki trè klè. Bay kèk imaj ki t’a ka montre sa w vle di a, ki adapte avè l; pou w pèmèt moun k’ap tande yo wè sa w’ap rakonte a.

### PLAN DELIVRANS LA

Genyen plizyè fason nou kapab prezante levanjil. Nou kapab itilize nenpòt nan fason sa yo, men genyen kèk bagay de baz moun nan bezwen konprann konsènan chemen sove a. Plan delivrans sa a baze sou “Kat lwa espirityèl yo”

#### 1. Bondye renmen w epi li gen yon plan pou lavi w.

Jan 3:16 Renmen Bondye.

Jan 10:10b Plan Bondye pou lavi w.

#### 2. Lòm peche epi li vin dozado ak Bondye.

Wom. 3:23 Nou tout fè peche.

Wom. 6:23 Peche peye nou kach li ban nou lanmò espirityèl, li separe nou avèk Bondye,

Efezyen 2:8-9 Nou pa kapab sove tèt nou.

#### 3. Kris se sèl solisyon pou sove nou. Li mouri nan plas nou epi li leve soti vivan.

Wom. 5:8 Kris mouri nan plas nou.

Jn. 14:6 Kris se sèl chemen an.

1 Kor. 15:3-6 Kris leve epi li toujou vivan.

#### 4. Nou dwe reseswa Kris kòm Sovè no.

Jan 1:12 Resevwa Kris pou w ka yon pitit Bondye.

Rev. 3:20 Kris aptann ou envite li antre nan lavi w.

Women 10:9 Pa lafwa envite li antre nan lavi w.

# SÈTIFIKA


Sètifika sa a akòde a

---

Poutèt li te tèmine avèk satisfaksyon tout leson ki te sou kou

## **Nouvo Lavi a Nan Kris Volim 1** **Etap pou mete baz nan lavi kretyen an**

*“Se s'ak fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen: lavi m'ap mennen nan kò m kounyeya, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m sitèlman li te rivè bay lavi l pou mwen.” Galates 2.20*



---

Pastè/Pwofèsè

Dat